**Wo’zbekistan Respublikasi’ Joqari’ ha’m worta arnawli’ bilimlendiriw ministirligi**

**Berdaq ati’ndag’i’ Qaraqalpaq ma’mleketlik universiteti**

**Qaraqalpaq filologiyasi’ fakulteti**

**Fakultet dekani’:**

**__________ f.i.k, doc, Q. Turdi’baev**

**«_____» _________2012-ji’l.**

**5220100-filologiya ha’m tillerdi woqi’ti’w (Qaraqalpaq filologiyasi’) bakalavr bag’dari’ni’n’ 4-kurs student Seytmuratova Jupardi’n’ «I.Yusupov poemalari’nda folklorli’q da’stu’rler («Ma’n’gi bulaq» ha’m «Bu’lbil uyasi’» shi’g’armalari’ mi’sali’nda)» degen temasi’ndag’i’**

# Pitkeriw qa’niygelik jumi’si’

**«Jaqlawg’a ruxsat berildi»**

**Qaraqalpaq a’debiyati’ tariyxi’**
**ha’m folklori’ kafedrasi’**
**basli’g’i'** **f.i.k.,doc. J.Ni’zamatdinov**
**Ilimiy basshi’:** **f.i.k. doc. Q.Turdi’baev**

**__________iyun 2012-ji’l**

**No’kis-2012**

**Ma'mleketlik attestaciya komissiyasi'ni'n' qarari':**

**5220100-filologiya ha'm tillerdi woqi'ti'w (Qaraqalpaq filologiyasi') bakalavr bag'dari'ni'n' 4-kurs studenti Seytmuratova Jupardi'n' «I.Yusupov poemalari'nda folklorli'q da'stu'rler («Ma'n'gi bulaq» ha'm «Bu'lbil uyasi'» shi'g'armalari' mi'sali'nda)» degen temasi'ndag'i' pitkeriw qa'niygelik jumi'si'na**

**«__________________» ball qoyi'lsi'n**

**MAK basli'g'i': ___ _______________**

**__________________________________**

**MAK wori'nbasari': _______________**

**___________________________________**

**MAK ag'zalari': ___________________**

**___________________________________**

____________ ____________________

____________ ____________________

____________ ____________________

____________ ____________________

____________ ____________________

## Jobasi’

**Kirisiw**

**I bap I.Yusupovti’n’ «Ma’n’gi bulaq» poemasi’ syujetinin’ rawajlani’wi’nda folklorli’q da’stu’rlerdin’ tutqan worni’**

I.1 I.Yusupovti’n’ «Ma’n’gi bulaq» poemasi’nda fantastikali’q syujetler ha’m qaharman obrazi’ni’n’ jasali’w wo’zgesheligi

I.2 Poemada qiyali’y-a’psa’na’wiy syujetlerdin’ turmi’s shi’nli’g’i’n ko’rkem haqi’yqatli’qqa aylandi’ri’wdag’i’ a’hmiyeti

**II bap I.Yusupovti’n’ «Bu’lbil uyasi’» poemasi’ndag’i’ parallel obrazlar ha’m parallel syujetler folklorli’q ha’m jazba a’debiy da’stu’rlerdi birlestiriwdin’ usi’li’ si’pati’nda**

II.1 Parallel obrazlar folklorli’q ha’m jazba a’debiy da’stu’rlerdi birlestiriwdin’ usi’li’ si’pati’nda

II.2 «Bu’lbil uyasi’» poemasi’ndag’i’ parallel syujetler folklorli’q ha’m jazba a’debiy da’stu’rlerdi birlestiriwdin’ usi’li’ si’pati’nda

**Juwmaq**

**Paydalani’lg’an a’debiyatlar**

# KIRISIW

**Jumi’sti’n’ aktualli’g’i’:** G’a’rezsizliktin’ wornawi’ menen a’debiyati’mi’zdi’n’ rawajlani’wi’nda jan’a ideyali’q-tematikali’q bag’darlar qa’liplese basladi’. A’sirese bul na’rse poeziyag’a tiyisli. Wo’ytkeni poeziya ja’miyetimizde ju’z berip ati’rg’an wo’zgerislerge tez ha’m ani’q, zaman talabi’na say juwap beriw mu’mkinshiligine iye. Usi’ ko’z qarastan a’debiy miyrasi’mi’zdi’ g’a’rezsizlik zamani’ ko’zqarasi’nan qaytadan izertlew, wolardag’i’ uli’wma insaniyli’q ha’m gumanistlik ideyalardan wo’sip kiyati’rg’an jas a’wladti’ ka’mil insane si’pati’nda ta’rbiyalawg’a paydalani’w bu’gingi ku’ngi yen’ a’hmiyetli ma’selelerdin’ biri boli’p tabi’ladi’.

XX a’sir qaraqalpaq poeziyasi’nda poema janri’ u’lken wori’ng’a iye. Bul janrdi’n’ rawajlani’wi’nda 1950-ji’llardan son’ J.Aymurzaev, I.Yusupov, Sh.Seytov, T.Seytjanov, M.Seytniyazov ha’m tag’i’ basqalardi’n’ shi’g’armalari’ u’lken wori’n iyeleydi. A’sirese, usi’ shayi’rlar qatari’nda Wo’zbekstan qaharmani’, Qaraqalpaqstan ha’m Wo’zbekstan xali’q shayi’ri’ Berdaq ati’ndag’i’ ma’mleketlik si’yli’qti’n’ laureati’ I.Yusupovti’n’ do’retiwshiligi u’lken a’hmiyetke iye. Usi’ sebepli biz wo’z jumi’si’mi’zda I.Yusupovti’n’ poemalari’nda, soni’n’ ishinde «Ma’n’gi bulaq» poemasi’nda qaharman obrazi’n jasawda folklorli’q da’stu’rlerdin’ tutqan worni’n izertlewdi wo’z aldi’mi’zg’a maqset yetip qoydi’q. Buni’n’ u’lken a’hmiyeti bar. Wo’ytkeni Prezidentimiz I.A.Karimovti’n’ aytqani’nday: «Insandi’, woni’n’ ruwxi’y du’nyasi’n ashatug’i’n… bir qu’diretli qural bar, wol da bolsa so’zdin’ qu’direti, ko’rkem a’debiyat boli’p tabi’ladi’. A’debiyatti’n’ insandi’ tani’wshi’li’q dep, shayi’r ha’m jazi’wshi’lardi’n’ bolsa, insan ruwxi’ni’n’ injenerleri dep ta’riypleniwi biykarg’a yemes, a’lbette. …Yeger biz Wo’zbekstani’mi’zdi’ du’nyag’a tani’tpaqshi’, woni’n’ a’yyemgi tariyxi’ ha’m jarqi’n keleshegin uli’g’law, woni’ a’wladlar yadi’nda ma’n’gilik saqlamaqshi’ bolsaq, yen’ da’slep ulli’ jazi’wshi’lardi’, ulli’ shayi’rlardi’, ulli’ do’retiwshilerdi ta’rbiyalawi’mi’z kerek. Nege degende, ulli’ jazi’wshi’ Sholpanni’n’ aytqani’nday, «a’debiyat jasasa – millet jasaydi’»[1].

---

[1] Karimov I. A. Joqari’ ma’nawiyat – jen’ilmes ku’sh. Tashkent, «Manaviyat», 2008, 136, 139-140-bb.

**Jumi’sti’n’ maqset ha’m wazi’ypalari’:** Biz bul bakalavr qa’niygelik jumi’si’mi’zda I.Yusupovti’n’ poemalari’nda soni’n’ ishinde «Ma’n’gi bulaq» poemasi’nda qaharman obrazi’n jasawda, turmi’s shi’nli’g’i’n ko’rkem haqi’yqatli’qqa aylandi’ri’wda folklorli’q da’stu’rlerdin’ tutqan worni’n izertlewdi wo’z aldi’mi’zg’a maqset yetip qoydi’q.

Jumi’sti’n’ aldi’na qoyg’an maqsetinen to’mendegi wazi’ypalar kelip shi’g’adi’:

- I.Yusupovti’n’ «Ma’n’gi bulaq» poemasi’ syujetinin’ rawajlani’wi’nda folklorli’q da’stu’rlerdin’ tutqan worni’;

-I.Yusupovti’n’ «Ma’n’gi bulaq» poemasi’nda fantastikali’q syujetler ha’m qaharman obrazi’ni’n’ jasali’w wo’zgesheligi;

-poemada qiyali’y-a’psa’na’wiy syujetlerdin’ turmi’s shi’nli’g’i’n ko’rkem haqi’yqatli’qqa aylandi’ri’wdag’i’ a’hmiyeti;

-shayi’rdi’n’ «Bu’lbil uyasi’» poemasi’nda parallel obrazlar folklorli’q ha’m jazba a’debiy da’stu’rlerdi birlestiriwdin’ usi’li’ si’pati’nda;

- shayi’rdi’n’ «Bu’lbil uyasi’» poemasi’nda parallel syujetler folklorli’q ha’m jazba a’debiy da’stu’rlerdi birlestiriwdin’ usi’li’ si’pati’nda;

**Jumi’sti’n’ izertlew obekti:** Biz Wo’zbekstan qaharmani’, Wo’zbekstan ha’m Qaraqalpaqstan xali’q shayi’ri’, Berdaq ati’ndag’i’ ma’mleketlik si’yli’qti’n’ laureati’ I.Yusupovti’n’ «Tan’lamali’ shi’g’armalari’ni’n’ II tomli’g’i’», «Bu’lbil uyasi’» atamasi’ndag’i’ lirikali’q, sonday-aq, liro-epikali’q poemalari’ni’n’ materiali’ tiykari’nda shayi’rdi’n’ poemalari’ndag’i’ qaharman obrazi’n jasawda, turmi’s shi’nli’g’i’n ko’rkem haqi’yqatli’qqa aylandi’ri’wda folklorli’q da’stu’rlerdin’ tutqan worni’n ashi’p beriwge umti’ldi’q.

**Jumi’sti’n’ teoriyali’q ha’m metodologiyali’q negizi:** Biz izertlew bari’si’nda Prezident I.A.Karimovti’n’ a’debiyat ha’m ko’rkem wo’nerdi rawajlandi’ri’w haqqi’ndag’i’ ko’rsetpelerin basshi’li’qqa aldi’q. Sog’an qosi’msha V.G.Belinskiy, M.Gorkiy, wo’zbek ali’mlari’ I.Sultan, N.Raximjanov, J.Kamal, qaraqalpaq a’debiyatshi’lari’ S.Axmetov, A’.Nasrullaev, Q.Sultanov,

Q.Ja'rimbetov, Z.Bekbergenova, Q.Ma'mbetov ha'm tag'i' basqa a'debiyatshi' ali'mlardi'n' miynetindegi ilimiy-teoriyali'q juwmaqlardi' basshi'li'qqa aldi'q.

**Jumi'sti'n' izertleniw da'rejesi:** I.Yusupov XX a'sirdin' 50-ji'llari'nan baslap XXI a'sirdin' birinshi won ji'lli'g'i' dawami'nda qaraqalpaq poeziyasi'nda jemisli qa'lem terbetip, wo'zinin' emocianalli'q-ekspressivlilik ta'sirliligi ku'shli bir qansha lirikali'q qosi'qlari' ha'm liro-epikali'q do'retpeleri menen poeziya i'qlasbentlerinin' kewlinde teren' iz qaldi'rdi'. A'sirese, wol qaraqalpaq poema janri'n rawajlandi'riwg'a da belgili u'les qosti'. Woni'n' wonnan aslam poemalari' jari'q ko'rdi. Shayi'rdi'n' poemalari' jo'ninde S.Axmetov, T.Ma'mbetniyazov, Q.Sultanov ha'm tag'i' basqa ali'mlar wo'zlerinin' pikirlerin bildirdi. Uli'wma poema janri' jo'ninde a'debiyatshi' ali'mlar A'.Nasrullaev[1] ha'm Q.Sultanovlardi'n'[2] arnawli' izertlew jumi'slari'n ali'p bari'p, kandidatli'q dissertaciyalari'n jaqlag'ani' belgili. Wolardi'n' bul miynetleri wo'z aldi'na kitap hali'nda basi'li'p shi'qti'[3].

G'a'rezsizlik da'wirine kelip shayi'r do'retiwshiligi jan'a zaman ko'zqarasi'nan izertlene basladi'. Bul bag'darda, T.Mambetniyazov[4], J.Yesenov[5], P.Nurjanov[6], Q.Turdi'baev[7] ha'm jas izleniwshi G.Sayi'movalardi'n'[8] miynetleri jari'q ko'rdi.

---

[1] Насруллаев А. Формирование и развитие жанра поэмы в каракалпакской советской литературе. Афтореф. дисс…на соис. уч. степ. кан. филол. наук. Ташкент, 1963.

[2] Султанов К. Современная каракалпакская поэма. Автореф. дисс…на соис. уч. степ. кан. филол. наук. Ташкент, 1967.

[3] Nasrullaev A'. Zaman ha'm liro-epikali`q poeziya. Monografiya. No'kis, «Qaraqalpaqstan», 1965., Sultanov Q. Zamanlas jani`m menen… No'kis, «Qaraqalpaqstan», 1972.

[4] Mambetniyazov T. Jan'a qaraqalpaq a'debiyati' ha'm da'wir talabi'. No'kis, «Bilim», 1994. Usi' avtor. Ashshi' bolsa da haqi'yqatli'q su'wretlenedi// «A'miwda'rya», 1997, №11-12.

[5] Yesenov J. Poeziya juldi'zi. No'kis, «Bilim», 2003.

[6] Nurjanov P, Sayi'mova G. I.Yusupovti'n' «Ma'n'gi bulaq» poemasi'ni'n' janrli'q wo'zgesheligi ha'm qaharman obrazi'//Wo'zRIAQQB «Xabarshi'si'», 2009, №4

[7] Turdi'baev Q. I.Yusupovti'n' «Bu'lbil uyasi'» poemasi'nda milliy epikali'q da'stu'rler ha'm qaharman obrazi'// Wo'zRIAQQB «Xabarshi'si'», 2009, №3

[8] Sayi'mova G. I.Yusupovti'n' «Bu'lbil uyasi'» poemasi'nda xarakter ma'selesi// Wo'zRIAQQB «Xabarshi'si'», 2007, №3

Demek joqari’dag’i’ ilimiy miynetlerge qi’sqasha sholi’w jasag’ani’mi’zdi’n’ wo’zi soni’ ko’rsetedi, I.Yusupov poemalari’nda qaharman obrazi’n jasaw, wondag’i’ folklorli’q da’stu’rlerdin’ turmi’s shi’nli’g’I’n ko’rkem haqi’yqatli’qqa aylandi’ri’wdag’i’ a’hmiyeti ma’seleleri yele arnawli’ tu’rde izertlew obektine aylanbag’an. Bul na’rse bizin’ jumi’si’mi’zdi’n’ ilimiy jan’ali’g’i’n ha’m a’hmiyetin belgilep beredi.

**Jumi’sti’n’ quri’li’si’:** Bizin’ jumi’si’mi’z «Kirisiw», yeki bap, «Juwmaq» ha’m paydalani’lg’an a’debiyatlar diziminen ibarat. I bap «I.Yusupovti’n’ «Ma’n’gi bulaq» poemasi’ syujetinin’ rawajlani’wi’nda folklorli’q da’stu’rlerdin’ tutqan worni’» dep atali’p, wol wo’z na’wbetinde yeki bo’limnen turadi’: «I.Yusupovti’n’ «Ma’n’gi bulaq» poemasi’nda fantastikali’q syujetler ha’m qaharman obrazi’ni’n’ jasali’w wo’zgesheligi », «Poemada qiyali’y-a’psa’na’wiy syujetlerdin’ turmi’s shi’nli’g’i’n ko’rkem haqi’yqatli’qqa aylandi’ri’wdag’i’ a’hmiyeti». II bap «I.Yusupovti’n’ «Bu’lbil uyasi’» poemasi’ndag’i’ parallel obrazlar ha’m parallel syujetler folklorli’q ha’m jazba a’debiy da’stu’rlerdi birlestiriwdin’ usi’li’ si’pati’nda» dep atali’p, wol da wo’z na’wbetinde yeki bo’limnen turadi’. 1-bo’lim «Parallel obrazlar folklorli’q ha’m jazba a’debiy da’stu’rlerdi birlestiriwdin’ usi’li’ si’pati’nda» dep atalsa, 2-bo’lim «Bu’lbil uyasi’» poemasi’ndag’i’ parallel syujetler folklorli’q ha’m jazba a’debiy da’stu’rlerdi birlestiriwdin’ usi’li’ si’pati’nda» dep ataladi’. «Juwmaq»ta biz ilimiy jumi’s bari’si’nda kelgen ilimiy teoriyali’q pikirlerimiz cifrlar menen bo’linip, i’qshamlasti’ri’li’p berildi. Paydalani’lg’an a’debiyatlar jumi’sti’n’ aqi’ri’nda ha’zirgi bibliografiya iliminin’ qa’delerine muwapi’q jaylasti’ri’ldi’.

## I bap I.Yusupovti'n' «Ma'n'gi bulaq» poemasi' syujetinin' rawajlani'wi'nda folklorli'q da'stu'rlerdin' tutqan worni'

### I.1 I.Yusupovti'n' «Ma'n'gi bulaq» poemasi'nda fantastikali'q syujetler ha'm qaharman obrazi'ni'n' jasali'w wo'zgesheligi

I.Yusupovti'n' ko'plegen poemalari'nda qi'yali'y syujetler menen qi'yali'y waqi'yalar sheberlik penen isletiledi. A'lbette, do'retiwshilik hesh bir ko'rkem shi'g'arma jazi'li'wi' da toli'q mu'mkin yemesligi de shi'nli'q. Yeger, shayi'r yamasa jazi'wshi' tek g'ana bolg'an waqi'yalar menen tariyxi'y faktlerdi bayanlaw menen g'ana sheklense, wonda wolar shi'n ma'nisindegi nag'i'z ko'rkem do'retpe de bola almaytug'i'nli'g'i' tu'sinikli. Wo'ytkeni, folklor menen jazba a'debiyatta haqi'yqi'y qi'yali'y syujetlerdin' a'hmiyeti u'lken. Bul bag'dardag'i' ko'rkem shi'g'armalar son'g'i' a'sirlerdegi du'nya a'debiyatlari'nda fantastikali'q a'debiyatlar da'stu'ri menen de ti'g'i'z birigip ketedi.

Mine, usi'g'an usas bag'darda I.Yusupovti'n' «Ma'n'gi bulaq» poemasi'ni'n' qi'yali'y syujetlik–kompoziciyali'q quri'li'si' ju'da' qospali' ha'm quramali' boli'p yesaplanadi'. Wol wo'z ishine sha'rtli tu'rde aytqanday bizin' erami'zdan buri'ng'i' 300-ji'llardag'i' ha'm bizin' erami'zdi'n' 3000-ji'llari'ndag'i' waqi'yalardi' wo'z ishine aladi'. Usi'ni'n' wo'zi poemani' syujetlik kompoziciyali'q quri'li'si'ndag'i' wog'ada wo'zine ta'nligi menen qospali'li'g'i'n talap yetse kerek. Sebebi, bunday uzaq a'sirler waqi'yalari'n real yaki haqi'yqi'y bolg'an waqi'yalar syujetlerine si'yg'i'zi'p beriwi mu'mkin yemes. Al, bug'an shayi'rdi'n' tvorchestvoli'q qi'yali'nan ti'sqari' shi'n ma'nisindegi a'psana'wiy syujetler g'ana da'limal ayti'p, solar arqali' g'ana belgili bir da'wir problemalari'n wortag'a taslap, qaharmanlar obrazi'n jetkilikli ashi'p beriwge boladi' dep woylaymi'z.

Poemada Asqar degen tas qashap mu'sin sog'i'wshi' skulptor jigittin' ju'z jasqa tolg'an atasi'n Go'hiqap tawi'nda, a'jel woypatli'g'i'na arqalap ali'p barati'rg'andag'i' waqi'yasi'nan baslanadi'. Bul waqi'yani'n' sebebi, sol waqi'ttag'i' da'stu'r boyi'nsha ju'z jasqa shi'qqan g'arri'lar sol ji'llarg'a shekem

wo'z a'jelinen wo'lmese, wolar a'jel woypatli'g'i'na woni'n' miyrasqorlari', perzenti yaki aqli'g'i' tag'i' basqalar ta'repinen tiriley apari'p taslanar yeken. Usi'nday si'rli' si'patlari' menen–aq syujettin' baslani'wi' da woqi'wshi' menen teatr tamashago'ylerinin' wo'zine birden–aq tartadi'.

Solay yetip, Asqar atasi'ni'n' ju'z jasqa azi' kem jetpey qali'wi'nan ti'sqari', woni' a'jel woypatli'g'i'na qaldi'ri'p ketedi. Wo'ytkeni, Asqar u'yine atasi'n qayta ali'p ketpekshi bolsa da, g'arri'ni'n' qarsi'li'g'i' menen woni' sol jerge taslap ketedi. Mi'sali',

«Ayti'p bolg'an bolsan' yertek so'zin'di,
Ju'r qaytayi'q, min arqama, atajan!

G'arri':

Yaq, bolmaydi' balam, bul joldan qayti'w,
Wo'limnen hesh ju'yrik qashi'p quti'lmas.
Qamshi'si'n umi'tqan qonaqqa usap,
Izge qayti'w yendi bizge jaraspas…
… Al sen usi' jerden qali'n'li'g'i'n'a,
Xanni'n' qi'zi' Oneseya suli'wg'a…
Joli'g'i'sar waqti'n' jaqi'nlap qaldi'…
Wol sonday aqi'lli', sonday miyirman,
Menin' shawli'qlari'mdi' da tuwadi',
Quyash ta'n'irim yar bolsi'n sag'an[1]».

Usi' so'zlerden son' Asqar «Du'nya qi'zi'q deydi, qayag'i' qi'zi'q? Iyt jesin iz beti ne degen buzi'q?!» degen qi'yal menen ma'jbu'riy tu'rde, wo'z su'yiklisi Onesiya menen ushi'rasi'w ushi'n qaytadi'.

Demek, ko'rip woti'rg'ani'mi'zday, syujettin' negizgi wo'zekli waqi'yalari', iri–iri ha'diyseler menen is–ha'reketler qi'yali'y–fantastikali'q tu'rde ali'ng'anli'g'i' menen, al, qaharmanlardi'n' woy–sezimleri, pikirleri haqi'yqi'y

---

[1] Yusupov I. Tan'lawli' shi'g'armalari'ni'n' yeki tomli'g'i'. No'kis, «Qaraqalpaqstan», 1992. T.II. 172-173-b

realistlik tu’s ali’p, wolar ha’r bir da’wir, bu’gingi wo’mir, uli’wma turmi’sli’q, uli’wma gumanistlik si’pat ali’p woti’radi’.

Shayi’r qi’yali’y–fantastikali’q syujetlerdi usi’layi’nsha bu’gingi turmi’sli’q si’patlar menen bezep, wolarg’a haqi’yqi’y realistlik ha’m jazba a’debiyatli’q qa’siyetler yendiriwde ayri’qsha sheberlik ko’rsetkenligi ani’q ko’zge taslanadi’. Mi’sali’:

Asqar

… Baratqanday kempirin’nin’ qi’na toyi’na,
Pa’rwayi’n’ pa’lek senin’, atajan…!

G’arri’

Haw, Asqarjan, kempiri tu’spegir,
Baylasa bolar yedi –aw, bizin’ yeshekti,
Arqanlawli’ jerde qaldi’ –aw, ja’niwar…

Asqar

Pax, aytti’ da’! Wo’zin yaki kempirin
Qoya berip, qayg’i’radi’ yeshegin.
Wo’lerde de adamg’a du’nya mal jaqi’n… (167-bet).

Bizin’ bul qatarlar shi’g’armala realistlik si’patlardi’ kusheytiwde ayi’ri’qsha xi’zmet atqari’wi’ menen birge, wolar tek g’ana komediyali’q, satira–yumorli’q bag’i’tta ali’ni’p turg’an joq. Al, wol so’z sheberi ta’repinen qaharmanlardi’n’ woy–sezim pikirlerinin’ teren’ligine xi’zmet yetedi. Sonli’qtan, keltirilgen qatarlar jen’il ku’lki g’ana tuwdi’ri’p qoymay, qi’yali’y syujetlerge haqi’yqi’y turmi’sli’q ha’m realistlik, jazba a’debiyatli’q qa’siyetler yendiriw ushi’n isletilgen boli’p yesaplanadi’. Sonli’qtan, syujettin’ baslani’wi’nan–aq berilgen mi’na qatarlardag’i’ pikir ha’m woylarg’a qaran’:

Asqar

Arqanlawli’ qalg’an yeshegin’di de…
A’kelip wo’zim u’y qasi’na baylayman…
Qanday quwani’shli’ men ushi’n,
Atamdi’ ha’zir u’yge ali’p qaytaman.

Qanday ha’zlik, aldi’nda woni’n’ woti’ri’p,
«Alpami’s»ti’ ji’rlag’ani’n yesitiw…
Su’n’gip kirip, jami’li’p atqan toni’na…
Uyi’qlaw qanday jaqsi’ aqli’g’i’ ushi’n… (170-bet).

Ko’rip woti’rg’anmi’zday, bul shi’ni’n da da, haqi’yqi’y realistlik sezim, wo’mirlik ha’m turmi’sli’q filosofiya boli’w menen birge, shayi’rdi’n’ usi’ jerde qaraqalpaq folklori’ni’n’ hinji–marjan do’retpelerinin’ bir «Alpami’s» da’stani’n tilge ali’wi’ni’n’ wo’zinde u’lken bir si’r jasi’ri’ni’p ati’rsa kerek dewge boladi’. Sebebi, meyli wol shayi’r ma, yaki jazi’wshi’ ma, bolmasa, wolar qatardag’i’ basqa ka’siptegi insanlar ma, bizin’ xalqi’mi’zdi’n’ yadi’na folklorli’q, da’stanli’q motivlerdegi woylaw (folklornoe mi’shlenie) teren’ sin’ip ketken. A’sirese, ko’rkem tvorchestvo iyelerinde bul psixologiyali’q qa’siyetler ju’da’ ku’shli boli’p keledi. Demek, usi’ni’n’ wo’zi shayi’rdi’n’ syujet do’retiw ha’m tag’i’ da basqa ko’rkemlik qa’siyetlerdi isletiwde milliy folklorg’a su’yengenligin, meyli, stixiyali’ tu’rde bolsa da joqari’dag’i’ qatarlar birden an’lati’p turadi’. Al, bizin’ shayi’r usi’ u’lken qi’yali’y–fantastikali’q yamasa folklorli’q syujettin’ ha’r bir detali’na shekem ayri’qshi’ sanali’li’q penen jazba a’debiyatli’q ha’m haqi’yqi’y realistlik wo’mirlik filosofiyali’q si’pat yengizip su’wretleydi. Qaran’i’z:

G’arri’

Ko’p jasap kettin’ ta’g’ne qi’lasan’,
Uli’m sen bilmeysen’ wo’mirdin’ ga’shtin…
…Ha’mme qi’yi’nli’g’i’ mazasi’ menen
Barli’q qa’teligi jazasi’ menen
Miynet, mashqalasi’, i’ssi’ –suwi’g’i’,
Shadli’g’i’, qaysi’si’, azasi’ menen —
Wo’mir jali’qti’rmas adamdi’ hasla,
Paraz yet sen, ju’z jasag’an wo’mirim,
Du’zde shawi’p barati’rg’an kiyiktin’…
Sayasi’nda jatqan shelli bolmay tur…(170-bet).

Haqi’yqati’nda da, bul pikirlerge du’zetiw kirgiziw mu’mkin yemes. Wonda u’lken haqi’yqatli’q obektivlik, wo’mirlik filosofiyali’q woylar ja’mlengen.

Yendi usi’lay jaza woti’ri’p, shayi’r g’arri’ tilinen: «Yeger wo’mir sonday ba’le bolmasa, adamnan qurt qumi’ri’sqag’a deyingi hu’kimin ju’rgizgen Sulayman patsha, ma’n’gi suwdi’ tawi’p, ishpes yedi wol» dep qi’yali’y syujettin’ keleshek jollari’ni’n’ tiykari’n tayarlaydi’. Ja’ne de: «Qos mu’yizli ulli’ Iskender patsha ma’n’gi tirishiliktin’ suwi’n izlep ju’r»,–dep qi’yali’y syujettin’ keleshek rawajlani’wi’ndag’i’ waqi’yalarg’a kompoziciyali’q baylani’s jibin payda yetedi. Shayi’rdi’n’ qi’yali’y syujetlik kompoziciyali’q bir tutasli’qtag’i’ sheberligi de usi’nday wori’nlarda ko’rinedi.

Solayi’nsha, syujettin’ baslani’win’da Asqar anasi’ni’n’ Iskender patsha menen ma’n’gilik jasawdi’n’ suwi’n izlep ju’r degen so’zine: «Patsha degen, aqi’lli’ bolar yedi… Joqti’ izlep, yertek so’zge inani’p» (171-bet) deydi. Al, g’arri’ bolsa: «Yertek yemes, wol bar na’rse, aqli’g’i’m. Men bir jola wol bulaqti’ ko’rgenmen»,–deydi. Usi’ni’n’ menen shayi’r syujettin’ yendigi bo’lekshelerinde aldi’n’g’i’lari’ menen kompoziciyali’q jaqtan bekkem baylani’sti’radi’. Soni’n’ menen birge, biz usi’ jerde shayi’r ta’repinen «yertek» so’zinin’ isletiliwi haqqi’nda da joqari’dag’i’day «da’stan» terminin isletiwge baylani’sli’ pikirlerdi qaytalan’qi’rap ayti’wi’mi’zg’a tuwra keledi. YAg’ni’y, bul shayi’rdi’n’ ko’rkem pikirlew menen ko’rkemlik qi’yali’y woylawi’na da’stanli’q, yerteklik yamasa folklorli’q woylaw formasi’ teren’ sin’isip ketkenligin an’lati’p, wol naq tu’rde alg’anda usi’ shi’g’armani’n’ syujetlik –kompoziciyali’q wo’zeginde ko’rkem so’z sheberinin’ milliy folklorli’q ko’rkem da’stu’rlerimizden wo’nimli paydalang’anli’g’i’n ani’q ko’rsetip, da’lilley aladi’.

Poema syujetinin’ yendigi bo’lekshesinde atasi’n qaldi’ri’p ketken Asqar wo’z su’yiklisi Onesiya menen ushi’rasadi’. Joqari’dag’i’ ko’rsetkenimizdey, buni’ atasi’ aldi’n ala boljap aytqan yedi. Onesiya da’slep shopan boli’p, keyin xan da’rejesine ko’terilgen Ayazxanni’n’ qi’zi’ boli’p yesaplanadi’. Asqar sol Ayazxan atasi’ menen su’yiklisi Onesiyani’n’ hu’rmetine da’rya boyi’ndag’i’ jarqabaq tasqa

qashap su’wret salmaqshi’ yekenligin aytadi’. Bul da’rya Oguz da’rya dep atalg’an, ha’zirgi biz suw iship na’rlenip, tirishilik ina’m yetip woti’rg’an A’miwda’ryami’z yekenligi tariyxtan ma’lim. Demek, shayi’r qi’yali’y syujetti tariyxi’y haqi’yqatli’q penen de sa’ykeslep, wog’an obektivlik, realistlik jazba a’debiyatqa si’pat yengizip baradi’.

Yel su’ygen Ayazxan ataxani’mi’z…
Woni’n’ hu’rmetine, senin’ shani’n’a
Ulli’ Oguz da’rya u’stinde turg’an,
Anaw tik jar tasli’ Da’rbent shi’n’i’na,
Joqari’dan za’n’gi talap wo’rmelep,
Almas penen qashap qi’yamay tasti’,
Bir qi’yamet su’wret salaman yendi… (174-bet).

Bul a’rmanlari’n Asqar son’i’nda wori’nlap ta ketedi. Biraq, suwsi’zli’qti’n’ qurbani’ boli’p, Onesiya da’ryag’a wo’zin taslap wo’lip ketedi.

Onesiya Asqar menen da’slepki ushi’rasi’wlari’nda–aq wo’z su’yiklisine:

A’ne, Jeti qaraqshi’ juldi’zi’ tuwdi’,
Urlawg’a kiyati’r wolar xan qi’zi’n (175-bet) —

Deydi. Haqi’yqati’nda da, Onesiya urlani’p a’ketiledi. Asqar ayrali’q azabi’nda qaladi’.

Tap usi’ qi’yali’y fantastikali’q syujet I.YUsupovti’n’ «Wo’mirzaya juldi’zi’» atli’ syujetli lirikasi’nda da sa’wlelengen. Wonda wo’gey sheshe azabi’na griptar bolg’an bir suli’wdi’ suwperiler ali’p ketken. Sol suli’w a’lem aspani’nda bir wo’mirzaya juldi’zg’a megzes to’beden qarap turatug’i’n simvolikali’q–metaforali’q obrazi’ si’pati’nda beriledi. Juldi’z tu’nde jani’p to’menge, jerge, izinde qalg’an u’kesine u’n’ilip qarap turadi’ da, al ku’ndiz jasi’ri’ni’p ketedi. Haqi’yqati’nda, bul da yerteklik, folklorli’q syujettin’ bir ko’rinisi boli’p yesaplanadi’. Sonli’qtan da, shayi’rdi’n’ wo’zi de usi’nday yertelik si’patti’ jasi’rmay:

Ayrali’q azabi’n kewlimde giznep,
Jawtan’lap qarayman men woni’ izlep.

Jasawdan da zi’yat bir g’ayri’ la’zzet,
Aldap a’ketken be? Qa’ne sol juldi’z?...
Mo’lt–mo’lt yetip, mun’li’ qarar da turar,
Birewdi izlegen bolar da turar.
Jer u’rlegen shamday so’nip te qalar,
Yel awzi’nda yertek bolg’an sol juldi’z[1]–degen.

A’lbette, bul jerde de «yertek» so’zinin’ qollani’li’w tosi’nnan bolg’an yemes. Al, ol shayi’rdi’n’ folklorli’q ko’rkem da’stu’rlerge su’yengenligin ani’q an’lati’p tur.

Shayi’rdi’n’ so’z yetilip woti’rg’an poemasi’ndag’i’ xan qi’zi’n, yag’ni’y Onesiyani’ urlawg’a kiyati’rg’an juldi’z, mine, usi’ da’tu’rler menen baylani’sli’. SHi’ni’nda da, shi’g’arma son’i’nda Onesiyani’n’ wo’zin da’ryag’a ati’p nabi’t boli’wi’ joqari’dag’i’ qosi’q syujetindegi waqi’yalar ha’m simvolikali’q obraz benen ti’g’i’z baylani’sli’. Sonday–aq, xan qi’zi’ni’n’ urlani’wi’ da poemani’n’ keleshek syujetlik rawajlani’wi’, Onesiyani’n’ a’sker basi’ Ptolomey ta’repinen ma’n’gi suwdi’ izlep, du’nya ju’zine qi’rg’i’n sali’p ju’rgen Iskender patshani’n’ aldi’na ali’p keliniwi menen bekkem baylani’sti’ri’ladi’. sebebi, Ptolomey xan qi’zi’–Onesiyani’ ulama–porxanlar da’rya suwi’ ushi’n qurbanli’qqa shalayi’n dep ati’rg’anda, Asqardi’ da’rya boyi’na baylap taslap, qi’zdi’ patshani’n’ aldi’na a’keledi.

Shayi’r bulardan buri’n Iskender patshani’n’ Oguz da’ryasi’na jaqi’n jerge quri’lg’an shati’ri’n, wol jerdegi Erastu (Aristotel), a’sker basi’ Ptolomeydin’ ha’m patshani’n’ so’zlerin beriw arqali’ wolardi’n’ negizgi maqsetlerin, patshani’n’ ma’n’gi suwdi’ qaysarli’q penen izlewin, wog’an ali’m Erastu menen, a’sker basi’ ha’m tag’i’ basqalardi’n’ da ko’zqaraslari’n sa’wlelendiredi. Bul jerde de shayi’r uzaq a’sirler, ha’tteki, bizin’ erami’zdan buri’ng’i’ waqi’yalardi’ qi’yali’y syujetler menen toqi’w ha’m wolarg’a realistlik, obektivlik qa’siyetler yendiriwde shayi’r ayri’qsha sheberlik, u’lken aqi’l–parasatli’q, dani’shpanli’q ko’rsetken desek, asi’ra siltew yemes.

[1] YUsupov I. Ati’ atalg’an tan’lamali’ shi’g’armalari’, 70-bet

Erastu

…Adam keler–keter, aqi’li’ qalar,
Insan aqi’l–abixayat bulag’i’.

Patsha

Abixayat suwi’n, a’ziyz ustazi’m,
Wonda nege izlep ju’rmiz jat jurttan?

Erastu

Siz izlegen sol ma’n’gi suw bulag’i’,
Ali’s yemes. Sizin’ shati’ri’n’i’zdan…

Patsha

«Ma’n’gilik kitabi’»n jayi’p aldi’na,
Dawam yetin’ ustaz yertegin’izdi…

Erastu

Yertek yemes… Sizin’ menen biz ha’zir
Gixoqap tawi’ni’n’ yetegindemiz.
«Wo’giz suw» der bul qattag’ar da’ryani’,
Al, biz elladali’ grekler woni’
O’giz yemes, «Oks» dep ju’ritemiz.

Mine, usi’layi’nsha shayi’r ja’ne de «yertek» so’zine ayri’qsha ma’ni bere woti’ri’p, tariyxi’y haqi’yqatli’qti’ qi’yali’y fantastikali’k syujetler menen sheber toqi’ydi’. Usi’ jolda qa’lem iyesi u’lken tariyxi’y shaxslardi’n’ ha’r qaysi’si’ni’n’ wo’zine ta’n minez–qulq belgilerin de teren’ ha’m ta’sirli ashi’wg’a yerisedi. Shayi’r patshani’n’ da retli wori’nlarda unamli’ qa’siyetlerin jasi’rmay ashadi’. A’lbette, bul woni’n’ folklordag’i’day qatnas jasag’anli’g’i’n da an’lati’p tursa kerek. Mi’sali’, jasi’ ju’zge tolg’an qariyalardi’ a’jel woypatli’g’i’ Goxiqap tawi’ni’n’ yetigindegi woypatqa apari’p taslaw da’stu’rin yesitkende patsha «Bul dastu’ri jabayi’li’q zan’ yeken» dep son’i’nan da bul zan’li’qti’ Asqardi’n’ da wo’tinishine bola wo’z pa’rmani’ menen biykarlap ta jiberedi.

Uzaq wo’mir su’riw–bul basqasha ga’p,

Biraq, ma’n’gi jasaw–insaptan yemes (177-bet)–deydi Erastu.

Degen menen, qansha aytqanda, unamli’ qa’siyetleri bar degende de patsha bug’an qarsi’f bi’laysha woylaydi’:

Ma’n’gi suwdi’ tawi’p berin’, siz a’wel,
Wonnan keyin bizge qoya ber, ustaz.
Zamanlardi’ jaratаman wo’z qoli’mnan,
Zaman ag’i’mi’ da’rya bolsa yeger de,
Juldi’zday yesapsi’z la’shkerim menen,
Wol da’ryani’ buri’p jiberemen men (177-bet).

Erastu

Du’nya won sa’kkiz mi’n’ a’lemnen turadi’,
Bir patshag’a wol di’m ko’plik ki’ladi’… (177-bet).
…Mi’n’ aytsan’ da bir gellenin’ aqi’li’,
Ma’n’gi suwg’a soqpaq tawi’p bara almas,
Ha’zireti Hi’zi’r yar bolsi’n sizge,
Xali’qti’ ji’ynap jar urdi’rdi’n’ patshayi’m!
Ne tabadi’ desen’, xali’q tabadi’.
Telegey en’izdey aqi’l da xali’qta,
Patshalar ju’ginen naqi’l da xali’qti’… (178 -bet).

Mine, ustaz Erastu–Aristotel ha’m Iskender patsha arasi’ndag’i’ usi’nday qarama–qarsi’li’qli’ pikirlerdin’ aqi’ri’ ayag’i’ Aziyali’lar, atap aytqanda, sol waqi’tta ha’zirgi ma’kani’mi’z Xorezmde jasap ati’rg’an massagetler, yagni’y qaraqalpaqlar haqqi’nda woylarg’a kelip tireledi. Wog’an a’skerbasi’ Ptolomeydin’ so’zge aralasi’wi’ sebepshi boladi’. Wol bi’lay degen:

Bunday ko’k wo’jet xali’qti’ ko’rmedim,
Xorezmiyli dey me, massaget dey me,
Basi’nda g’awqi’yg’an qara qalpag’i’,
Ati’p ji’g’i’ladi’, jati’p atadi’…

Patsha

A’stapurla, bul saqi’y xali’qti’n’,

Wo'ytip qorg'ag'anday ne bayli'g'i' bar?

Erastu

Qulan sho'lin su'yer, qi'zg'i'sh uyasi'n,

Adam yelin su'ymes bayli'g'i' ushi'n,

Su'yedi wo'ni' Watani' bolg'ani' ushi'n,

Azatli'q ha'm Watan–yen' basli' bayli'q…

Mine, shi'ni'nda da, bul pikirler menen woylar sol tariyxi'y ha'm qi'yali'y fanastikali'q qaharmanlardi' ja'ne de janlandi'rap, wolarg'a realistlik obektivlik tu's beredi. Bulardan ti'sqari' a'skerbasi' Ptolomeyge shayi'r poemada tariyxi'y an'i'z Ayazxan patshani'n' wozi shopan olg'an waqi'ttag'i' kiyimlerin wo'z taxti'ni'n' aldi'na qi'sti'ri'p qoyg'anli'g'i' haqqi'ndag'i' xali'q an'i'zi'n aytqi'zadi'. Demek, bul da bizin' folklori'mi'zdag'i' qi'yali'y do'retpe bolg'ani' menen tariyxi'y haqi'yqatli'q penen, uli'wma adamgershilik, gumanistlik qa'siyetoeri bar na'rse boli'p, wol usi' doretpenin' de uli'wma syujetlik, kompoziciyali'q bag'dari' menen poetikasi'na teren' sin'dirilip jiberilgen. «Ya toba! Ne degen danali'q bar bunda!...» dep tan'lanadi' woni' yesitkende Erastu–Aristotel.

Solay yetip, Ptolomey sol Ayazxan patshani'n' Asqar degen bir ku'yew balasi' bar yeken… «Ha'y ju'wernemek ku'ydirdi–aw meni, u'sh ku'n uri'sta sol su'wretshini bir satqan dosti'ni'n' ko'megi menen jaradar ku'yinde qolg'a tu'sirdim» (181) dep maqtanadi'. Wog'an patsha «Afarin, Ptolomey, sadi'q sa'rdari'm!» dep marapat berse;

Erastu:

A'jep is qi'li'psan', Ptolomey bati'r,

Terin'di su'r qi'zi'l wormal menen… deydi.

Ptolomey:

(wormali'na ko'zi tusip, albi'rap…)

Xaw, qalay bul, aq wormal yedi–g'oy?...

Erastu:

Vavilonnan Sog'dianag'a deyin,

Qan to'gip kiyati'rg'an a'skerbasi'ni'n'
A'jep yemes, aq woramali' qi'zarsa…

Patsha:

A'skerbasi' jigitlik qi'lg'an shamasi'… (182-bet).

Mine, patsha shati'ri'na ji'ynalg'an usi' adamlardi'n' da wo'zinshe woylaw wo'zgeshelikleri, wo'zgeshe minez–qulq belgileri menen qa'siyetleri jaqsi' sa'wlelengen. Basqasha aytqanda, wolar folklorli'q motivte g'ana ali'nbastan, al, jazba a'debiy da'stu'riy usi'llarda qaharmanlar obrazi' daralani'p, individuallasti'ri'li'p berilgen–dep yesaplawg'a toli'q mu'mkinshilik bar. Usi'nday uli'wmali'q (tipiklik) ha'm jekedarli'q, individual belgilerdin' birligi shayi'r ta'repinen syujettin' keleshek rawajlani'wi'nda sa'wlelengen ma'n'gi bulaqti' izlewshi tu'rli ka'siptegi xali'q wa'killerinin' minez–qulq belgilerin sa'wlelendiriwde de ayqi'n ko'rinedi. Biz wog'an sa'l keyinirek toqtaymi'z.

So'ytip, Ptolomey joqari'dag'i'day so'ylesiwlerdin' bari'si'nda mi'naday shi'nli'qti'n' tiykari'n aytadi':

Bul yeldin' mi'na Oks degen da'ryasi',
Wo'r bettegi ulken bo'getti ji'g'i'p,
Oksiana ten'izin wol ta'rk yetip,
Girkan ten'izine buri'li'p ketipti.
Sizin' jawlap ali'p ati'rg'ani'n'i'z,
Bul apat jani'nda woyi'nshi'q desedi…
Yendi bunda qaraqshi'li'q baslani'p,
Jaw shappay–aq yel serpilip ko'shedi (182-bet).

Bul jerdegi Oks–A'miwda'rya, Oksiana–Aral ten'izi, Girkan–Kaspiy boli'p yesaplani'p, bir tariyxi'y waqi'yalarda A'miwda'rya Kaspiyge de buri'li'p ketkenligi tariyxi'y haqi'yqatli'q. Shayi'r wo'z qi'yali'nda usi' tariyxi'y shi'nli'qti' ja'ne de janlandi'ri'p, bo'rttirip toqi'p, woni' zamango'ylestirip te, tariyxi'y faktlerdi de qi'yali'y fantastikali'q jol menen bu'gingi shi'nli'qqa–Aral ten'izinin quri'p barati'rg'an apatshi'li'g'i'na sheber baylani'sti'ri'p jiberedi. Asqar menen Onesiyani'n' ta'g'dirleri deusi'g'an ti'g'i'z biriktirilip sa'wlelenedi.

Sonli’qtan da, Onesiya a’sker basi’ Ptolomey ta’repinen patsha aldi’na ali’p kelingende mi’naday so’zlerdi aytadi’:

Onesiya

(qaptalda turg’an Afroditani’n’ aldi’nda diz sho’gip)

Asi’rawshi’ anajani’m, Aqsholpan,
Jali’naman, aman saqla yari’mdi’!
Woni’n’ tas qashan qumi’ri’ bilegin,
Jaw bug’awi’ qi’ymasi’n,
Jat ma’nzilden qan’g’i’p kelgen qara qus,
Shoqi’masi’n jigerin,
Tabi’naman azatli’q ber yari’ma!... (184-bet).

Ko’rip woti’rg’ani’mi’z si’yaqli’, mine, bul syujetlik detali’nda da wol qi’yali’y fantastikali’q yamasa do’retiwshilik qi’yal menen jasalsa da, al woni’n’ negizinde tariyxi’y haqi’yqatli’q qaraqalpaq xalqi’ni’n’ xalqi’ni’n’ tariyxi’y ha’m diniy isenimlerinin’ shi’nli’g’i’ jati’r. Sebebi, Aqsholpan qaraqalpaqlardi’n’ uranlari’ni’n’ biri bolg’anli’g’i’n tariyx tasti’yi’qlaydi’. Sonli’qtan da, bularg’a qani’q adam si’pati’nda Erastu–Aristotel patshag’a Onesiyani’n’ bul so’zlerin to’mendigishe tu’sindiredi.

Afroditani’ bular «Aqsholpan» deydi.
Massagettin’ dan’qli’ hayal patshasi’,
Tumaris Kir patshani’ jen’gende
Woni’n’ ko’zin qang’a toydi’ri’w ushi’n,
Kesip ali’p sol patshani’n’ gellesin
Qan toli’ meske salg’andi’…
Bul xan qi’z sol Tumaris tuqi’m…(184-bet).

Demek, shayi’r bular arqali’ xali’q awzi’ndag’i’ folklorli’q a’psanali’q syujetlerdi de poemali’q tvorchestvoli’q tu’rde isletip paydalanadi’. Ko’rip woti’rg’ani’mi’zday, bunda korkem so’z sheberi pu’tin a’psanani’n’ uli’wma mazmuni’n g’ana belgili bir qaharmanni’n’ tilinen berip folklorli’q da’tu’rlerdi yamasa sondag’i’ syujetti qaharmanlardi’n’ xarakterin, wolardi’n’ woy –pikirleri

menen ishki du’nyalari’n ashi’w ushi’n paydalang’an. Sonli’qtan da, ali’ng’an tekstte–aq, Erastudi’n’ ali’mli’q, dani’shpanli’q, woqi’mi’sli’q qa’siyetleri ani’q ko’zge taslanadi’. Haqi’yqati’nda da, Erastu–Aristotel tariyxta real insan, ali’m si’pati’nda tap usi’nday adam bolg’ani’ ani’q. Sonday qa’siyetlerdi shayi’r a’psanali’q yamasa folklorli’q syujetti, folklorli’q da’tu’rlerdi sheberlik penen uti’mli’, do’retiwshilik bag’i’tta paydalani’w arqali’ ashi’p woti’r. Al, bug’an qarama–qarsi’ patsha bolsa, jen’ilteklik penen ustaz ali’mg’a: «Bizge «abayli’ bol!» degenin’iz–g’oy»–dep woni’ basqasha jori’p, uri’squmarli’q yamasa a’skeriy jol menen g’ana tu’sinip juwap qaytaradi’. Erastu bolsa, usi’ jerde de wo’z woyi’n ja’ne de teren’letip ha’m rawajlani’ra woti’ri’p yamasa parasatli’li’q penen bi’lay deydi…

Men ma’zi tariyxti’ yeslap ati’rman,
A’neyi na’rse yemes tariyx sabag’i’
Axa, umi’ti’ppan, taqsi’r patshayi’m,
Ushi’rasi’wi’m kerek yedi bul yeldin’
Asan qayg’i’ degen filosofi’na.
«Ayag’i’ joq,, qoli’ joq,
Ji’lan qayti’p ku’n ko’rer,
Quyri’g’i’ joq, jali’ joq,
Qulan ka’ytip ku’n ko’rer?»… Xa–xa–xa!
SHi’ni’nda da qi’zi’q adam korinedi…
(wo’zinshe)
…Patshalar tabi’spasa da,
Til tabi’sar ba’rha’ ali’mlar… (184-185-betler)

An’lap woti’rg’ami’z si’yaqli’, bul jerde de so’z ustasi’ folklorli’q benen jazba realistlik a’debiyati’mi’zdi’n’ tutasti’ri’wshi’ zvenolari’ni’n’ biri, ji’raw–shayi’rlari’mi’zdan yesaplang’an Asan qayg’i’ni’ da yeslep, woni’n’ belgili qatarlari’n Arsitoteldin’ «Ustaz–qanday dana adam, zeyinli!» dep ma’jbu’riy moyi’nlawg’a tuwra keledi.

A’lbette, bunday folklorli’q ko’rkem si’patlar yamasa wondag’i’ ayi’ri’m bo’leksheler menen basqa da si’patlar si’rttan qarag’anda birden ko’rinip turg’an bolsa da, al woni’ sol ko’rkem do’retpenin’ syujetlik–kompoziciyali’q quri’li’si’nda wori’nli’ isletiw, yag’ni’y qaysi’ yertek yamasa dastanli’q si’patti’, yaki qanday da bir a’psana menen joqari’dag’i’ si’yaqli’ terme–tolg’awlardi’ qaysi’ wori’nlarda beriw kerekligi yeki adamni’n’ qoli’nan kele beretug’i’n ju’da’ an’sat is yemes. Buni’n’ ushi’n, birinshiden, bul formali’q si’patlar menen ko’rkem da’tu’rler sol qa’lem iyesinin’ pu’tkil naturasi’na sin’gen boli’wi’, yag’ni’y, wolardi’ so’z sheberi teren’ iyelep, jaqsi’ men’gergen boli’wi’ kerek bolsa, yekinshiden, wolardi’ tvorchestvoli’q tu’rde paydalani’w ushi’e sheberlik, talant za’ru’r. Bularsi’z sol folklorli’q datu’rlerden paydalani’w wo’nimsiz yamasa stixiyali’, ta’sirsiz, yaki sxemali’ turde de qali’p qoyi’wi’ mu’mkin. Al, biz I.Yusupovti’n’ do’retpelerin folklorli’q dastu’rlerdi paydalani’wda bunday unamsi’z na’rselerdi ushi’ratpaymi’z. Shayi’r poeziyasi’nda folklorli’ do’retiwshilikti paydalani’wda sol uzaq a’sirlerdegi milliy ko’rkemlik da’stu’rlerimiz qayta jan’g’ari’p, qaytadan tuwi’lg’an yan’li’ sa’wlelenedi. Sol bag’i’ttan Onesiyani’n’ patsha aldi’ndag’i’ mi’naday so’zlerine di’qqat awdarayi’q;

Azamati’m, yessiz da’wju’rek yari’m!
Ha’zir g’ana menin’ qoli’mnan kelse,
Jani’n’ni’n’ worni’na jan berer yedim,
Jawi’rni’n’a to’sep qali’n’ shashi’mdi’,
Aq to’simdi dasti’q yetip basi’na,
Ka’bap bolg’an bawri’mdi’ suwi’ri’p,
Tartar yedim qan’si’rag’an jarani’… (186-bet).

Mine, usi’ qatarlar arqali’ ataqli’ «Alpami’s» dastani’ndag’i’ Gu’lparshi’nni’n’ Bayshubarg’a qarata aytqan «To’rt ayag’i’n’, aq seyneme basi’lg’ay»…–degen qatarlardi’ yesletip turg’anday si’yaqli’. A’lbette, bul atqa qarata ayti’lsa da, wonda Gu’lparshi’nni’n’ Alpami’sti’ yeslep turg’anli’g’i’n tu’siniw wonsha qi’yi’n yemes shi’g’ar. Sonli’qtan, bul jerde folklordi’ isletiw

ha’m wolarg’a ko’rkem poetikali’q anologiyadag’i’ sap–sarras sa’ykeslik yemes, al wolar arasi’ndag’i’ ko’rkemlik poetikali’q princip (bul jerde giperbolali’q) uqsasli’g’i’ ha’m wolardi’n’ belgili bir so’z sheberleri tarepinen, tvorchestvoli’q tu’rde paydalani’w ma’selesi birinshi wori’nda turadi’.

Patshani’n’ a’skerleri Onesiyani’n’ su’yiklisi tawdan tas qashap musin sog’i’p ati’rg’an Asqardi’ da zorlap ali’p keledi. Bundag’i’ basli’ maqset, a’lbette, patsha ushi’n abixayat suwi’n tawi’p beriw boli’p yesaplanadi’. Sondag’i’ Asqardi’n’ aytqan da’slepki so’zleri mi’naday:

Samaldi’ samal terbeter,
Samal bultti’ terbeter,
Bul jamg’i’rdi’ terbeter,
Jamg’i’r kok sho’pti terbeter,
Ko’k sho’p biyeni terbeter,
Biye qi’mi’zdi’ terbeter.
Jigit suli’wdi’ terbeter,
Suli’w besikti terbeter,
Besik balani’ terbeter,
Bala … du’nyani’ terbeter (196-bet).

Usi’ sozlerdi yesitkende patsha: «Wo, ne degen qu’diretli so’z, ta’n’irim!» (196-bet) degenin bidmey–aq qali’p, worni’nan tu’rgelip te ketedi.

Bul so’zlerdin’ to’rkininde haqi’yqi’y folklorli’q da’stu’rlerdegi, terme–tolg’awlardag’i’ danali’q penen berilgen pikirden wo’mirlik turmi’sli’q qubi’li’slardi’ sali’sti’ri’p su’wretlew usi’llari’ni’n’ bayli’g’i’ ha’m teren’ligi ayqi’n ko’zge taslanadi’.

Sonday–aq, patsha Asqar menen Erastu arasi’ndag’i’ to’mendegi dialoglarda da folklorli’q aforistlik teren’ woyli’li’q, dani’shpanli’q jati’r.

Patsha

Qorqasan’ ba, jigit, ma’n’gi jasawdan?

Asqar

Abixayat–ma’n’gi tirishilik suwi’

Insan ushi’n yemes…

Patsha

Kim ushi’n wonda?...

Erastu

Adam ma’n’gi yemes ta’biyat ma’n’gi…
Bul suw eleksiri sol ma’n’giliktin’…

Patsha

Insan–ta’biyatti’n’ perzenti, ustaz…
Anasi’ menen ma’n’gi jasawg’a haqli’…

Erastu

Tuwi’li’w, jan’ari’w, ti’nbay wo’zgeriw
Ta’biyat anani’n’ ma’n’gilik isi
Al, ma’n’gilik degenin’–bul sheksiz waqi’t
Wol kosmos, jani’ joq biyma’ni bosli’q… (197-bet).

Mine, bular shi’ni’da da nag’i’z folklorli’q motivtegi teren’ dani’shpanli’q penen ayti’lg’an aforistlik, frazeologiyali’q qatarlar yekenligi da’lillewdi talap yetpese kerek. Sonday–aq, usi’ wori’nlarda patshani’n’ so’zlerindegi pikirlerge de qulaq tu’rmew ushi’e yemes. Wo’ytkeni, ma’n’gi jasawdi’ kim qa’lemeydi, wo’mirden shiyrin na’rse joq. Usi’ni’n’ ushi’n da, ha’zir du’nya ali’mlari’ insanni’n’ ma’n’gi jasaw ushi’n mu’mkinshiliklerin de izertlep ati’rg’anli’g’i’ shi’nli’q. Al, shayi’r bolsa, bir tutas poema ideyasi’nda patshani’n’ ma’n’gi suwdi’ izlewin si’nap su’wretlew bul insanni’n’ ma’n’gi jasawdi’ qa’lewin biykarlawi’ yemes. Bul si’nshi’l su’wretlew insandi’ na’psi–qanaatqa, paraxatshi’li’q, gumanistlik qa’siyetlerge shaqi’ri’w boli’p yesaplanatug’i’nli’g’i’n duri’s tu’siniwimz kerek.

Shayi’r Asqardi’ patshani’n’ aldi’na ali’p keliwge baylani’sli’ syujet bo’lekshesinde de folklorli’q motivdegi fantastikali’q, qi’yali’y giporbolali’q qa’siyetti duri’s isletedi. Asqar patshani’n’ aldi’nda qaqpan bali’qti’ ma’n’gilik suwi’n sali’p tiriltip ko’rsetedi. A’lbette, bul qi’yali’y fantastikali’q woy yekenligi ani’q.

Poemadag’i’ folklordan paydalani’w ha’m sol milliy ko’rkemlik da’sturlerdi jazba realistlik dastu’rler ha’m naq obektiv realistlik faktler menen suwg’ari’p isletiwi de a’piwayi’ xali’q wa’killerinin’ ma’n’gilik suwi’n izlewi, wolardi’n’ sol ma’n’gilik suwi’ haqqi’nda woylari’n da ani’q ko’rinedi. Haqi’yqati’nda, wolardi’n’ ha’r birinin’ aytqan so’zleri wolardi’n’ wo’zlerinin’ ka’spi ka’rine, ku’ndeoikli miynet prcessine, wolardi’n’ wo’zlerinshe woylaw biliw wo’zgesheliklerine baylani’sli’ sheber sa’wlelengen. Usi’ ma’seleni poema tuwrali’ pikir aytkan si’nshi’ duri’s belgilep wo’tedi[1]. Biz de si’nshi’ni’n’ pikirlerine qosi’la woti’ri’p, woni’ mi’naday qatarlar menen ja’ne de da’liyllep ko’rsetsek:

Qara saqal

Bizdi, mine, mi’n’ bulaqqa aydadi’…
Ma’n’gi suwdi’ tabasan’ dep qi’ynadi’.

Diyxan

O’giz da’rya qayti’p yeller sholledi,
Al, patsha «ma’n’gi suw»di’ tabasan’ dedi…

SHopan

Qassapshi’g’a yet qayg’i’,
Qara yeshkige jan qayg’i’.

Diyxan

Bizdey diyxan sorli’g’a…
Qi’s napaqa nan qayg’i’…(188-189-betler).

Haqi’yqati’nda, bul nag’i’z xali’q da’l wo’zi, woni’n’ motivles formasi’ yekenligin hesh kim biykarlay almaydi’. Wolardi’ shayi’r ju’da’ sheberlik penen syujettin’ za’ru’rli ha’m sha’rtli wori’nlari’nda duri’s qollang’an. Ja’ne de, soni’ ayti’p wo’tiw kerek, uli’wma syujettin’ usi’layi’nsha rawajlandi’ri’li’wi’ qi’yali’y fantastikali’q formada bolg’ani’ menen wol nag’i’z real, obektiv wo’mirge ju’da’ jaqi’n. Yeger, patsha yaki xanlar zorlag’an jag’dayda qaysi’ da’wirlerde bolmasi’n xali’qti’n’ a’piwayi’ qatlami’ni’n’ basi’na usi’eday ku’nler tuwi’li’wi’

[1] Yesnov J. Poeziya juldi’zi’ (I.YUsupov poemasi’ni’n’ geypara ma’seleleri). No’kis, «Bilim», 2003

ta’biyg’i’yli’q realistlik qubi’li’s boli’p, wolar woqi’wshi’lar arasi’nda u’lken isenimge iye bolatug’i’nli’g’i’ so’zsiz.

Sonday–aq, usi’ wori’nlarda xali’qti’n’ a’piwayi’ qatlami’ni’n’ arasi’nda da ha’r tu’rli minez–quli’qtag’i’: jag’i’mpazdi’n’ da, wori’nsi’z marapatgo’yliktin’ de, maqtanshaqlardi’n’, dan’q ma’rtebe ku’sewshilerdin’, ha’meldarlardi’n’ ha’m wolarg’a qarsi’ haqi’yqatshi’l, hadali’yli’qti’n’ jaqlawshi’lari’, a’piwayi’ kishipeyil ha’m kemtaranalardi’n’ boli’wi’n su’wretlewi–bul shayi’rdi’n’ folklorli’q da’stu’rlerdegi unamli’ qaharman, uli’wma qaharman obrazi’n jasawg’a si’nshi’l qatnas jasap, woni’ jazba a’debiyatti’n’ realistlik da’stu’rleri menen suwg’ari’wi’ boli’p yesaplanadi’. Ma’selen, poemada usi’ wori’nlarda tazsha patshag’a «ma’n’gi suw»di’ tawi’p berip, ku’yew bala boli’wdi’ a’rman yetedi, al temirshi usta bolsa «ma’n’gilik suw»dan abaysi’zdan iship ali’p ma’n’gilik tu’rde ko’rik basi’p wot jali’n u’stinde turg’i’si’ kelmeytug’i’nli’g’i’n bildiredi. (Ju’zimdi jalap wotli’ ko’rik ha’wiri. Ma’n’gi sho’kkish uri’p turg’i’m kelmeydi (191-bet). Sonday–aq, qara saqalli’ bir adam bolsa; «Ten’iz qurdi’mi’nda shek bar, biraq ta, insapsi’z patshani’n’ pa’minde shek joq…» (192-bet), -dep haqi’yqatli’qti’ basi’p aytadi’.

Bular haqi’yqati’nda da, wo’mir shi’nli’g’i’nan ali’ng’an qi’yali’y do’retiwshilik jemisleri boli’p yesaplanadi’. Biraq, qalay degende de ja’ne bir ma’rtebe shayi’rdi’n’ folklorli’q da’stu’rlerden paydalani’wi’ qanday da formalarda, qaysi’ bir obrazlarda ko’rinip kete beredi. Atap aytqanda, shayi’r biz aytqan tazsha obrazi’n isletiwde de xali’q da’stanlari’ndag’i’ Juri’n taz, Yeshim ka’l si’yaqli’ obrazlardi’ yeske ali’p do’retkeni sezilip turadi’. Bizin’she, bul da sxematikali’q, shablonli’q yemes, al woni’ usi’ poemani’n’ poetikali’q si’pati’, woni’n’ negizgi syujetlik kompoziciyali’q quri’li’si’ni’n’ fantastikali’q jaqi’nlag’i’ talap yetip turg’anli’qtan usi’lay blg’an dep yesaplawg’a tuwra keledi.

Poemadag’i’ syujetlik rawajlani’wdi’n’ usi’ momentlerinde shayi’r ta’repinen Asqarg’a patshani’n’ aldi’nda wo’z atasi’n ju’z jasqa tolg’ani’ ushi’n wo’lim woypatli’g’i’na apari’p taslag’anli’g’i’n aytqi’zi’wi’ ha’m bul da’stu’rdi

patshani’n’ biykar yetiwi de realistlik shi’nli’qqa sa’ykes isenimli ha’m uli’wma gumanistlik bag’darda ali’ng’an.

Asqar

Men sorli’ aqli’g’i’ woni’ arqalap,
A’jel woypati’na apari’p tasladi’m…

Erastu

Zamanlar ag’i’mi’ bir pa’tli da’rya,
Tu’rli da’stu’rlerdin’ uri’g’i’ wonda,
I’g’i’p wo’ter zamanlardan zamang’a,
Aji’ri’qtan wo’sken jerinde wo’ser
Ha’tte, zan’lar bar ba’sekeleser…

Patsha

Joq, men bul da’stu’rdi biykar yetemen!
Adamiyzat keter bolsi’n du’nyadan
Wo’z a’jeli ha’m de dasi’g’i’nan.

Asqar

Bul pa’rmani’n’i’zda insani’yli’q bar,
A’dalat sha’shmesi sarqi’lmag’ay hesh! (200-bet).

Poemadag’i’ usi’nday hadali’yli’q ushi’n gu’res, gumanistlik maqsetler ushi’n xi’zmet yetiw, hadalli’qti’ ashi’p ayti’wg’a baylani’sli’ detallar meyli wolar qi’yali’y syujetler tiykari’nda ayti’lsa da, al wolar wo’z isenimliligi menen de, problematikali’q wo’tkirligi menen bu’gingi zamanago’y turmi’sqa jaqi’nlasti’ri’li’p, reallasti’ri’p ali’ng’anli’g’i’ bahali’ qa’siyetlerden boli’p yesaplanadi’. Wolar yadtan, qi’yaldan do’relse de, tap bu’gingi turmi’sta, bizin’ ko’z aldi’mi’zda tap ha’zir boli’p ati’rg’anday si’yakli’ yelesleydi. Solardi’n’ bir suw problemasi’. Oguz da’ryasi’ni’n’ buri’li’p, Girkan ten’izine qaray qashi’p ketiwi yedi. Bul biz joqari’da aytqani’mi’zday, A’miwda’ryani’n’ buri’n bir tariyxi’y da’wirlerde quyg’anli’g’i’ menen ti’g’i’z baylani’sli’. Ne tilegin’ bar degen patshani’n’ so’zine Asqar, usi’ jag’daylarg’a bola bi’lay deydi ha’m sol

wori’nlansa abixayat suwi’n qaysi’ jerde yekenligin ayti’p, jol ko’rsetetug’i’nli’g’i’n bildiredi.

Asqar

Girkan ten’izine qashqan da’ryani’,
Qaytari’p ber taqsi’r bizin’ jag’i’sqa.
Xali’q wo’z yelatani’nan ayra tu’spesin,
Bul jerlerden yel serpilip ko’shpesin.

Patsha

Buyi’raman baydan ji’qqan bo’getti,
A’kelin’ qaytadan Oks da’ryani’.

Erastu

G’az g’an’qi’ldap, shag’alalar sharq uri’p,
Jatsi’n shalqi’p Oksiana ten’izi! (200-bet).

Haqi’yqati’nda da, bul buri’ng’i’ ham ha’zirgi tariyxi’y shi’nli’q penen ti’g’i’z baylani’sli’ bolg’anli’qtan wol folklorli’q princip tiykari’nda yadtan tabi’li’p isletilgen syujet bolsa da, isenimli ha’m zamanago’y problematikali’q a’hmiyeti menen de barli’q woqi’wshi’lar qa’wimin tan’landi’ri’p wo’zine tartpay qoymaydi’. Tap usi’ ma’ha’llerdegi Asqardi’n’ ishki psixologiyali’q terbenisleri, quwani’sh sezimleri de wo’z realli’g’i’ menen di’qqatti’ qaratadi’. Sebebi, da’rya suwi’ wo’zine kelmese, woni’n’ qali’n’li’g’i’, xan qi’zi’ Onesiya darya boyi’nda qurbanli’qqa shali’nar aldi’nda yedi. Sonli’qtan, Asqar patsha ha’mirinin’ quwani’shi’n bi’laysha si’rtqa shi’g’aradi’:

Patsha ha’miri–quda ha’miri degen bar…
Oguz da’rya–asi’rawshi’ anami’z,
Kel qaytadan bizge ma’n’gi suw boli’p!
Yendi quwantaman men ha’zir boli’p,
Onesiya, yesit, arzi’wli’ yari’m!
Sen yendi azatsan’ qurban boli’wdan,
Sag’an qustay ushi’p baraman ha’zir!... (200-bet).

Solay yetip, Asqar gu’ze menen ali’p kelingen abixayat suwi’n patshag’a apari’p tapsi’radi’ da wo’z su’yiklisi Onesiya suli’wg’a ketedi.

## I.2 Poemada qiyali’y-a’psa’na’wiy syujetlerdin’ turmi’s shi’nli’g’i’n ko’rkem haqi’yqatli’qqa aylandi’ri’wdag’i’ a’hmiyeti

Poemadag’i’ bir tutas syujetlik rawajlani’wdi’n’ yendigi basqi’shlari’ birotala qi’yali’y fantastikali’q tu’s aladi’. Abaylap qarasaq, do’retpedegi syujetlik kompoziciyali’q bir tutasli’q tap usi’ jerden baslap bo’linip, yekinshi bir u’lken bo’limge bo’linip turg’ani’n seziw mu’mkinshiligi bar. Wo’ytkeni syujettin’ rawajlani’wi’ usi’ wori’nlardan baslap aqi’ri’na shekem real turmi’sti’n’ wo’zinde oli’p ati’rg’ani’nday yemes, al qaharmanlardi’n’ woy–pikirlerinde, qi’yali’nda, tusinde, ga’ de qi’yal yelesinde, ko’z aldi’na keltiriwleri menen a’rmanlari’nda boli’p ati’rg’anday si’yaqli’ su’wretlenedi. Biraq, bulardi’n’ barli’g’i’ni’n’ negizinde qi’yali’y a’psanali’q waqi’yalar, shayi’rdi’n’ shari’qlag’an ushqi’r qi’yali’, fantaziyasi’ jatadi’. Usi’ qa’siyetler mene de, bul yekinshi bo’lim si’pati’ndag’i’ waqi’yalar da folklorli’q motivtegi qi’yali’y syujetler toqi’wi’ menen folklorli’q ko’rkem da’stu’rlerge jaqi’n ha’m woni’ ju’da’ sheberlik penen qayta jan’g’i’rtqan dep yesaplaw mu’mkinshiligi mol.

Yen’ birinshi ret Iskender patshani’n’ ko’z aldi’na wol shati’ri’nda woti’rg’an waqti’nda Sulayman patshani’n’ quw gellesi yeles beredi. Bul da qi’yali’y bolg’ani’ menen isenimli, ta’biyg’i’y psixologiyali’q, gollyucinau\ciyali’q qubi’li’s yekenligi ilim menen turmi’sta moyi’nlang’an na’rse. Sonli’qtan, korkem a’debiyatta turmi’s haqi’ykatli’g’i’n bi’laysha su’wretlew yersi yemes ha’m wol buri’nnan bar ko’rkemlik usi’llardi’n’ biri boli’p tabi’ladi’. Usi’nday principte shayi’r Sulayman patshani’n’ quw gellesin Iskender patshani’n’ aldi’nda bi’laysha tu’rde so’yletkizedi:

Insanni’n’ peylinde toyi’msi’z zat joq,
Qa’na’a’t qi’lmadi’m ma’n’gi suw ishtim.
Mine, yegimde jani’m bar,
Jumalap ju’rippen quw ga’lle boli’p.
Tewip keter meni du’zde qulanlar,
Miydin’ shan’ag’i’nda jatar ji’lanlar
Toyi’msi’z ko’zimnin’ shan’aqlari’nan
Jamg’i’r suwi’n quslar ishedi mudam.
Wolardi’ u’rkiter shama joq bizde

Ishpe ma’n’gi suwdi’ aqi’li’mdi’ al,

Insap ha’m qa’na’a’t du’nyasi’nda qal!... (201-bet).

Poemadag’i’ usi’nday yeles, psixologiyali’q gallyucianciyali’q qubi’li’s si’pati’ndag’i’ syujetlik waqi’yalar psixologiya si’yaqli’ ha’m tag’i’ basqa ilimlerde haqi’yqatli’q si’pati’nda moyi’nlani’wi’ menen de wo’z isenimliligine iye. Sonday–aq, ha’zirgi a’debiyatta qi’yali’y, ilimiy fantastikali’q a’debiyatlardi’ izertlewshilerdin’ duri’s ko’rsetkenindey qi’yali’y do’retpelerde syujetler mudami’ realistlik, haqi’yqi’y turmi’sli’q do’retpelerdegidey naq turmi’sli’q faktlerge quri’lmastan, al wolarda waqi’yalar menen is–ha’reketlerdin’ rawajlani’wi’, shiyelenisiwi, sharqlaw jollari’ sha’rtli tu’rde alg’anda sxematikali’q si’patta boli’wi’ kerekligi za’ru’rli qubi’li’s boli’p yesaplanadi’. Buni’si’z qi’yali’y fantastikali’q syujet toqi’w mu’mkinshiligi joq[1].

Usi’nday poeziyadan poemadag’i’ joqari’dag’i’day syujetlik detallardi’n’ isletiliwi–bul wori’nsi’z narse yemes dep woylaymi’z.

Solay yetip, yendigiden bi’lay shi’g’arma syujeti pu’tkilley fantastikali’q–qi’yali’y tu’s aladi’. Bulardi’ shayi’r reallasti’ri’w ushi’n bizin’she Iskender patshani’n’ sharap iship qalg’i’p ketip, barli’q waqi’yalardi’ tu’sinde ko’rip ati’rg’an si’yaqli’ formasi’nda su’wretlewi u’lken isenimlilikke ali’p kelgen, al, ko’p–ko’p ko’rkemlik poetikali’q na’tiyjeler bergen. Bunda ha’r qanday wo’tir qi’yali’y fantastikali’li’q ta si’yi’mli’ kele beredi ha’m usi’nday qi’yali’yli’q formasi’ folklorli’q da’stu’rlerden ti’sqari’ ha’zirgi jazba realistlik wozi’q a’debiyatlarda da ken’ paydalani’p ju’rgen na’tiyjeli usi’llardi’n’ biri boli’p tabi’ladi’.

Demek, naq ko’rkem do’retpelerde folklorli’q da’stu’rler menen jazba a’debiyat tradiciyalardi’n’ sintezi degenimizdin’ bir ko’rinisi de usi’nday wori’nlarda ani’q ko’zge taslanadi’.

Poemani’n’ son’g’i’ bo’limlerindegi syujetlik waqi’yalar menen is–ha’reketlerdin’ isenimliligin artti’ri’wdi’n’ ayi’ri’qsha bir usi’li’ retinde joqari’da

---

[1] Stepnovska T. Nauchnaya fantastika kak vid fantasticheskoy literaturi’. Avtoref, dis…kand, fil, nauk. Moskva, 1985, s.19 i.t.d

aytqani'mi'zday shayi'r woni' piesa, spektakl formasi'n da shi'g'arma tekstinde to'rt–bes ma'rtebe yeskertip, woqi'wshi'lardi'n' boli'p ati'rg'an waki'yalarg'a isenimin artti'ri'p baradi'. Bul, bizin'she ayi'ri'qsha tabi'sli' shi'qqan ha'm wol jalg'an, wo'tirik syujetlik detallardi' da tap turmi'sti'n' wo'zinde woqi'wshi' yamasa teatr tamashago'ylerinin' ko'zi aldi'nda boli'p ati'rg'anday yetip yelesletedi. Biraq, a'lbette, bul waqi'yalardi'n' barli'g'i' da negizinde real wo'mirde boli'wi' mu'mkin ha'm birazi' bolg'an, keleshek ushi'n boli'wi' mu'mkin ilimiy daliyllerge de iye boli'p yesaplanadi'. Mi'sali', shayi'r wolardi' bi'laysha tez–tez yeskertip woti'radi'.

Mi'naw kim–a'y, a'jiyne me, gorbar ma?
Ptolomeymisen'? Ne ba'le tu'rin'?
Ba'lkim, Dioniste Aristofanni'n',
Woynap ju'rippisen' komediyasi'n?... (203-bet).

Ja'ha'ngir patshalardi'n' qara dizimi,
Minekey, a'yyemgi Kir patsha basta.
Makedoniyali' Aleksandrdi',
Iskender Zulxarnayn deydi SHi'g'i'sta:
Basi'na qos mu'yiz duwi'lg'i' kiygen,
Sonli'qtan, qi'rg'i'ng'a ushi'rag'an yeller,
«Iskenderdin' shaqi' bar» dep woylag'an…
Al, siz aktyor jigit, woni'n' rolin,
Woynag'anda sol jawi'zli'g'i'n ko'rsetin'… (218-bet).

Mine, qi'ri'q ku'n boldi' bizler artistbiz,
Rio de Janeoro degen qalada,
Festivalg'a bari'p qatnasi'w ushi'n,
«Ma'n'gi buli'q» atli' spektakldi…
Tayarlap ati'rmi'z ta'n'irge jazi'p… (223-bet).

Onesiya-2

A’yyemgi erani’n’ Ja’wa’ngir shaxi’,
Kerek yemes mag’an, ulli’ patshayi’m,
Rol pitti sheship mu’yizli tajdi’,
Sheshin bul a’yyemgi patshali’q lipasti’… (229-bet).

Shayi’r mine, usi’nday yeskergen so’zlerdi woqi’wshi’lar menen tamashago’yler ushi’n shi’g’armani’n’ syujetlik ha’m saxnali’q korinisler menen bari’si’na si’yi’mli’ yetip, wori’nli’ jerde do’retpe, kompaziciyasi’na jipektey yengizip ju’da’ sheberlik penen berip barg’an. Wolardi’n’ barli’g’i’ shi’g’armadag’i’ folklorli’k ko’rkem da’stu’rler usi’li’ menen isletilgen a’psanali’q, an’i’zli’q yamasa fantastikali’q qi’yali’y usi’lg’a jan yendirip, wog’an realistlik ha’m uli’wma wo’mirlik, turmi’sli’q filosofiyali’q tu’s berip baradi’.

Solay yetip, Iskender patsha sharap iship ma’s boli’p qalg’i’p ketip wo’z qi’yali’nda 3300 ji’l uyqi’dan son’ shorshi’p woyanadi’. Sondag’i’ aytqan da’slepki ret Ptolomeyge qarata aytqan so’zleri joqari’dag’i’day yedi. Sebebi, woni’n’ u’n’girden shi’qkan tu’ri saqali’ betine tu’sip, murti’ beline worali’p ketken. Al, wol wo’zinin’ tu’rinin’ qari’q yemes yekenligin bilmeydi. Bulardi’n’ si’ri’n patshani’n’ ustazi’, ali’m Erastu–Aristotel bi’laysha ashadi’.

Erastu

Wo, taqsi’r patshayi’m, biz sizden aldi’n,
Woyandi’q uyqi’dan bir ha’pte buri’n,
Bir kesirtke qolti’g’i’mnan qi’ti’qlap,
Woyati’p jiberdi an’lap qarasam…
Wo’sip ketken yeken saqal –murti’mi’z,
Sizin’ belin’izdegi qos bawdan a’ste,
Ispaxani’ qi’li’sh semserdi ali’p,
Sizin’ ha’m wo’zimnin’ saqal –murti’mi’zdi’
Go’zedim, ta’rtipke keltirdim biraz.
Ptolomey barti’rdi’n’ saqal –murti’na
Tiymedim. Wo’ytkeni uri’spaz sa’rdarg’a,
Ju’da’ jarasadi’ bul saqal murtlar…

Qorazday qi’shqi’ri’p buni’n’ u’stine,

Buyri’q berer la’shkri de joq yendi… (204-bet).

…Biz u’sh mi’n’ u’sh ju’z ji’l uyi’qladi’q, taqsi’r!

Patsha

Ma’n’gi suwdi’ iship qoydi’m ba, sori’m…!?

Erastu

Ishtin’iz…Ha’m bizin’ aytqandi’ qi’lmay,

Bizlerge de zorlap ishtirdin’iz woni’… (205).

Mine, demek usi’nday waqi’yalar tu’s formasi’nda su’wretlengenlikten de de isenerli ha’m wolardi’n’ realizmi basi’m boli’p keledi. Sonli’qtan, shayi’r patsha, Erastu, Ptolomeyler arasi’ndag’i’ so’ylesiwlerdi de qi’zi’qli’ yetip, tap turmi’sti’n’ wo’zinde boli’p ati’rganday halda bere alg’an. Sho’p, su’tilmek jep woti’rg’an Ptolomeydin’ «Qudayi’m bendesin wo’ltirmes ashtan, ati’ sho’p demesen’, yeshkidey su’tli» ga’rdiyip woti’rg’an a’sker basi’ni’n’ so’zin Erastu: «Ji’li’na u’sh ret miywalap pisken, ati’ su’tilmektey jemisim bardi’» (206),—degen A’jiniyaz shayi’rdi’n’ so’zi menen toli’qti’ri’ladi’. Usi’ arqali’ da shayi’r boli’p ati’rg’an waqi’yalardi’n’ worni’n, ma’kan jayi’n an’lati’w menen birge, shi’g’armag’a milliy kolorit te bag’i’shlap Aristoteldin’ shi’g’armadag’i’ ali’m qaharman Erastudi’n’ woqi’mi’sli’, izleniwshilik qa’siyetlerin de woqi’wshi’g’a teren’ ma’ni de an’lati’p baradi’. A’lbette, bul realistlik si’patqa iye. Wol da fantaziyali’q, toqi’mali’q si’patqa iye bolsa da, bul a’debiy qaharman ushi’n si’yi’mli’ boli’p yesaplanadi’. Buni’ bizin’she maydalap tu’sindirip woti’ri’w arti’qmashi’q yetse kerek.

Usi’ wori’nlarda patsha menen Ptolomey arasi’ndag’i’ mi’naday ga’plerdin’ ayti’li’wi’ di’ wo’mirlik, ku’ndelikli turmi’sli’q a’hmiyetke iye ha’m wol da jalpi’ qi’yali’y fantaziyali’q syujetke jan beredi. Isenimlilikti, wori’nli’ tu’rdegi yumor menen komediyali’li’qti’, realizmdi arti’radi’. Qaran’i’z:

Patsha

Ha’y, a’tten’, Ptolomey, senin’ wori’ni’n’a,
Ma’n’gi suwdi’ hayal tuqi’mi’ ishkende,
Ash qaldi’rmas yedi bizlerdi bu’ytip,
Yendi sho’p jep mal boli’wg’a qaradi’n’…

Ptolomey

(tamashago’ylerge qarap…)
Sho’p jesen’ de ashtan wo’lmegen jaqsi’
Azi’–kem shi’da wo’zin’ de yele sho’p jeysen’…
Ashli’q ushi’n patsha da joq qul da joq (207-bet).

Haqi’yqati’nda da, bul so’zlerde teren’ turmi’sli’q filosofiyali’q teren’lik jati’rg’anli’g’i’n an’lay biliw da’rkar.

Yendigi wo’tkir qi’yali’y fantastikali’q syujet boyi’nsha wolar bizin’ ha’zirgi yesabi’mi’z boyi’nsha 3300 ji’llari’ wo’mir su’rip ati’r. Sol a’sirlerdegi waqi’yalardi’ shayi’r ilim tiykari’nda boljap ta ju’da’ wori’nli’ su’wretlegen. Wolar ko’bisi ilimge tiykarlang’anli’qtan da isenerli ha’m realistlik si’pati’ mol syujet detallari’ boli’p yesaplanadi’. Atap aytqanda, bul da’wirlerde A’miwda’rya suwi’ni’n’ pult penen basqari’li’p ati’rg’anli’g’i’ aspan a’lemine turaqli’ reysler kosmolyotlerdin’, astrolyotlardi’n’ qatnawi’, wozi’q medicinali’q xi’zmetler ha’m tag’i’ basqalar woqi’wshi’lar da isenim menen birge u’lken qi’zi’g’i’wshi’li’q tuwdi’ri’p, ayri’qsha woy–pikirler keltirip shi’g’ari’wi’ da so’zsiz. Wolardi’n’ barli’g’i’ni’n’ da tiykari’nda, a’lbette, a’debiy tvorchestvoli’q ko’zqarastan alg’an folklorli’q ko’rkem da’stu’rimizdegi xalqi’mi’zdi’n’ ko’rkemlik pikirlewi menen sana sezimindegi bay qi’yali’y fantaziyasi’ jatadi’. Qi’sqasharaq aytqanda, shayi’rg’a bul jerde xalqi’mi’zdi’n’ folklorli’q tiptegi woylaw qa’biletliligi (folklornie mi’shlenie) ayri’qsha qol kelip, u’lken a’hmiyetke iye bolg’an.

U’sh mi’n’ u’sh ju’z ji’ldan son’ woyang’an buri’ng’i’ erani’n’ adamlari’ jan’a da’wir insanlari’ni’n’, jan’a a’sirdin’ qaharmanlari’ni’n’ is–ha’reketlerine hayran qalmawi’ mu’mkin yemes. Sebebi, bul a’sirler mi’naday biz ushi’n da

tan’lanarli’q ha’diyseler boli’p ati’rg’an yedi. Wolardi’ shayi’r poeziya tili menen ju’da’ ta’sirli yetip ashqan wori’nlardi’ keltirip wo’tsek, wonda bizin’she shi’g’armadag’i’ folklorli’q da’stu’rlerdi qi’yali’yli’qti’n’ ku’shin ko’rkem so’z sheberinin’ qalaysha isletkeni de ani’g’i’raq ko’rinedi.

Jigit

A’lle, «Neftun», «Oksiana» so’yleydi:
Ashi’q okeannan Aral ten’izge
Suw kelip tu’spekte normadan zi’yat.
Tarnawdan shlyuzdin’ setkasi’n ji’rti’p,
U’sh akula wo’tken bul basseynge
Suw basi’p ketejaq Moynaq qalasi’n…
Wonnan bir qi’rq u’shke tu’sirin’ suwdi’
A’ne, jag’i’stag’i’ Poseydon bag’i’ni’n’
Alma ju’zimi de suwg’a ketejaq… (207-bet).

Raciyadan dawi’s

«Oksiana!», «Neftun» ti’n’laydi’ seni…
«Pamir»ge ayt da’rya suwi’n azaytsi’n.
Wol da azday jamg’i’r zakaz qi’lg’ansan’.
Suwg’a toymaytug’i’n xali’q yekensen’,
Bi’lti’r U’stirtti de suwg’a aldi’rdi’n’…

Biz bu’gingi ilimnin’ rawajlani’w tempin n’azerge tutsaq tap 3300 ji’llar g’ana yemes, ba’lkim, wonnan buri’n–aq suw ha’m Aral, A’miwda’rya ma’seleleri usi’g’an uqsas formalarda sheshimlip, adam aqi’l parasati’ iske tu’sip, ekologiyami’z da jaqsi’lani’p ketiwinen jaqsi’ ku’tse bolatug’i’n shi’g’ar degen woyg’a ketemiz. Al, kerisinshe, bul shayi’r ta’riypi ma’zi tu’rdegi qi’yal jumsalg’an yaki jen’il ku’lki tuwdi’ri’w ushi’n toqi’lg’an syujetlik detallar yemes. Sonli’qtan da, to’mendegi so’zler menen ha’reketler de usi’ bag’darda wo’z realizmi menen, keleshektegi obektivlikke jaqi’n si’patlari’ menen ayri’qsha di’qqatti’ wo’zine qaratadi’.

Jigit

…Bultlardi’ jawdi’rmay wo’tkiziw ushi’n,
«Olimpiya»g’a xabar berip ati’rmi’z.
Bi’lti’rg’i’ shataqti’ bi’yi’l shi’g’arma!...

Qi’z

A’yten shi’rri’q shi’g’ar pultte woti’rg’an,
Bi’lti’r Afinada ku’ydirgen yedi.
Akropolden bir  tas si’ni’g’i’n ali’p,
No’kiske pochtadan  jiberemen dep,
Yeki saat shataq shi’g’arg’an yedi… (208-bet).

A’lbette, bul ku’lki tuwli’radi’. Biraq, wol jen’il ku’lki yemes. Shayi’r bul jerde qaraqalpaq xalqi’ni’n’ milliy psixologiyali’q wo’zgesheligin keleshek tariyxi’y rawajlani’w basqi’shi’nda jog’almag’anli’g’i’n ju’da’ xarakterli dialog–detali’ arqali’ sonshelli da’rejede wori’nli’ ha’m sheber ashqanli’g’i’na razi’ bolmaw mu’mkin yemes. Soni’n’ menen birge, so’z ustasi’ bulardi’n’ barli’g’i’n aldi’n’g’i’ syujetlik rawajlani’w, patsha, Erastu, Ptolomey ta’g’dirleri ha’m wolardi’n’ woy–pikirleri, solardi’n’ nan’ ma’writlerdegi psixologiyali’q halatlari’ menen ti’g’i’z, aji’ralmas tu’rde baylani’sti’ri’p jiberedi. Karan’i’z, usi’nday dawi’slardi’ yesitip turg’an wolardi’n’ ayi’ri’mlari’ (patsha) tan’lani’si’p qarasa, Erastu bulardi’n’ negizin teren’ tu’sinip woti’radi’, al Ptolomey sa’rdar bolsa jen’il woyli’li’q, na’psiqawli’q, pa’msizlik te yetip:

Jan’ag’i’ u’sh akulani’n’ birewin,
Bir wo’zim shiykiley jer yedim ha’zir.
Usi’ Erastudi’n’ aqi’lgo’yligi
Ash qari’ng’a di’m jaqpay tur, jigitler! (209bet).

—deydi tamashago’ylerge qarata. Al, patsha bolsa: «Zevs, ta’n’irim, saqla, wo’z panayi’n’da»,–dep biraz ta’wbege kelgendey boladi’.

Demek, bular da boli’p ati’rg’an is–ha’reketlerdi, wol folklorli’q tiptegi qi’yali’y syujetler bolsa da, al wolardi’ psixologiyali’q tu’rde da’liyllep woqi’wshi’ ha’m tamashago’ylerdin’ de qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n artti’ri’p, syujetke jan berip, uli’wma do’retpe realizmin teren’letiwge xi’zmet yetedi.

Shayi’r shi’g’armada sa’wlelenip woti’rg’an da’wir haqi’yqatli’g’i’n, woni’n’ waqi’t ken’isligi 3300 ji’llardag’i’ qi’zdi’n’ tilinen bi’lay dep yeskertip wo’tedi:

Qi’z

Bunnan u’sh mi’n’ u’sh ju’z ji’lday ilgeri
Makedoniyali’ Iskender patsha
Qala salg’an bul da’ryani’n’ boyi’na
Ha’m de «A’miw» dep atag’an woni’.
A’yyemgi «Oguz» suw – «Oks» da’ryasi’,
Sonnan A’miwda’rya boli’p atalg’an… (209-bet).
…Wol da’wirde mi’naw Aral ten’izin,
«Oksiana» dep tag’an ellinler… (210-bet).

Jan’a da’wirdin’ adamlari’ni’n’ tariyxi’y sabaqlari’n da usi’layi’nsha teren’ biliwine baylani’sli’ Erastu–Aristotel tan’lani’wi’n jasi’rmay: «Ilim ha’m hikmetti suwday simirgen. bul netken a’wladlar, men de bilmeymen. Lekin, yendi, taqsi’r, qa’len’–qalemen’. Biz jasaymi’z usi’ a’wladlar menen» (211-bet)–deydi.

A’lbette, bulardi’n’ barli’g’i’ qi’yal jemisi bolg’ani’ menen keleshekte a’melge asi’wi’ mu’mkin yekenligi ha’zir ilimnin’ jetiskeliklerin boljap ati’r desek arzi’ydi’. Bularg’a qosi’msha, shayi’rdi’n’ mi’naday qi’yali’y fantastikali’q su’wretlewlerine de na’zer taslap wo’tiw wori’nli’:

Jigit

Bul qi’z –italyanka, men usi’ jerlik,
Bizler gidrolog, suw qa’niygesi.
… Bultlar qa’legen jerge janadi’,
Atomdi’ paraxat isleter adam.
Quyash nuri’, samal, okean tolqi’ni’,
Elektr quwati’n beredi mudam…

Erastu

«Atom», «elektra»–karamat si’rlar!

Bata almag'an wog'an bizin' tisimiz…

Patsha

Zevs ta'n'irimnin' qu'direti g'oy bul!

Ayti'p turg'anlari' quddi' yertektey…

Erastu

Yertek–insan qi'yali'ni'n' jemisi,

Qi'yaldan da wozi'q ha'zirgi zaman… (212-bet).

Haqi'yqati'nda da, bul duri's pikirler yekenligi dawsi'z. Bul pikirdi jetpisinshi ji'llari' talantli' shayi'rlardi'n' biri T.Ma'tmuratov ta «Zamani'mi'zdi'n' qaharmanlari' Ptolomeyden tawlardi'n' tasi'na bug'awlang'an, ha'tte yerteklerdi de quwi'p jetip, wolardan da wozi'p, turi'ppi'z»[1] degen pikirlerdi duri's aynqan yedi. Sonday–aq, shayi'r I.Yusupov joqari'da su'wretlep woti'rg'an 3300-ji'llardi' aytpag'ani' wo'zinde bu'gingi 2000-ji'llardag'i' kompyuter texnologiyasi' da yerteklerden wozi'q si'patqa iye desek bolarli'qtay. Al, wolardan ti'sqari' usi' jerde shayi'rdi'n' «yertek» terminin qollani'wdi'n' wo'zi–aq, woni'n' ko'rkemlik jaqtan, aqi'l–parasatli'q filosofiyali'q woy ju'rgiziw, pikirlew poziciyasi'nan alg'anda da so'z sheberinin' folklorli'q korkem da'stu'rlerge su'yengenligin ayqi'n da'liyllep tur.

Buri'n joqari'da ayti'p wo'tkenimizdey–aq, shayi'rdi'n' qi'yali'y syujetlerge de ayri'qsha jan berip, wolardi' tiriltip, ko'rkem psixologiyali'q principte da'liyllep su'wretlewleri, solarg'a sa'ykes ju'da' wo'tkir, ta'sirli detallar tan'lap ala biliwi ayri'qsha a'hmiyetli si'patqa iye. Atap aytqanda, wolardan patshani'n' da, Ptolomeydin' ashli'qtan ko'zleri mo'lerip, ha'r na'rsenin' wolardi'n' ko'zlerine to'rtew yamasa bir neshe boli'p buldi'rap, sag'i'm boli'p ko'riniwi, Ptolomeydin' na'psiqawli'q yetip diyxanlardi'n' ati'zanan qawi'n urlap jep boli'p qam suw iship ishi buzi'li'wi', ketip barati'rg'an tiri qoyandi' qari'w jaraqsi'z–aq uslawg'a umti'li'wi' ha'm tag'i' basqalar da shi'g'arada poeziya, qosi'q joli' menen ta'sirli

[1] Ma'tmuratov T. Ashi'li'si'w. No'kis

su’wretlenedi («Qoyan, taqsi’r, qoyan! Uslan’ jigitler! Wa atan’ni’n’… Nesip yetpewin qara!...» (213-bet).

Birinshi adam

Kimdir birew bizin’ jan’a ati’zdan,
Bir qawi’n u’zdi de tura aydadi’.
Qawi’n biz qi’ylanbaymi’z jen’, biraq,
Pa’lekti basqi’lap ketkeni jaman.

Yekinshi adam

Urli’q degen na’rse joq bolg’an yedi,
Jurt umi’tqan isti yetkeni jaman… (215-bet).

Ptolomey

(wo’zinshe tamashago’ylerge qarap)
Jan’a ushi’rasti’ adamg’a adam,
Way… ishim… Jan’a ati’z basi’nda
Bir qawi’ndi’ buzi’p bir wo’zim jedim,
Ha’m suw ishermen be japtan sori’ma?!... (216-bet)

Shayi’r qi’yali’y syujette bolsa da, mine, usi’nday turmi’sta boli’p turatug’i’n yamasa mu’mkin ha’diyseler menen psixologiyali’q qubi’li’slardi’ ju’da’ realistlik penen su’wretlep do’retpenin’ quni’n ko’teredi, a’piwayi’ na’rseler u’stinen–aq uli’wma shi’g’armani’n’ problematikali’k ku’shin de artti’ri’p baradi’. A’sirese, shi’g’armada ar nami’s, na’psi ha’m qanaat, suw ha’m Aral problemalari’ wo’zinin’ ju’da’ teren’, ta’sirli sa’wlesin tapqan. SHayi’rdi’n’ adam, insan balasi’ndag’i’ yen’ a’diwli sezimlerinen yesaplang’an muhabbat, go’zzalli’q ma’selesine i’qlasi’ menen pafosi’ ayti’p bolmas da’rejede teren’lik penen sa’wlelendirilgen. Al, paraxatshi’li’q haqqi’nda shayi’r wo’z woylari’n ayri’qshi’ ta’sirli detallar menen beredi.

Iskender patsha ha’m woni’n’ qasi’ndag’i’lar ma’n’gi suwdi’ iship boli’p uzaq uyqi’dan keyin, yag’ni’y 3300 ji’llari’ tariyx muzeyine bari’p ko’redi. Shayi’r

usi’ ko’rinis penen shi’g’armani’n’ usi’ bo’limindegi qi’yali’y syujetlerge tiykarlang’an detallar menen qaharmanlar dialoglari’n ju’da’ sa’tli woylap tapqan.

Ptolomey

Qayda qalg’an qoli’n’, Afrodita xani’m?

Erastu

Mu’mkin sen ju’rgen qi’rg’i’n uri’slardi’n’,
Birinde si’ng’andi’ wol suli’w qollar… (217-bet)

Usi’ qi’sqasha so’zlerdin’ wo’zinde ne degen teren’ woylar jati’r. Ali’m wo’z joldasi’ bolsa da a’sker basi’ Ptolomey si’yaqli’lardi’n’ uri’squmarli’q siyasati’n biykarlap, woni’ ju’da’ teren’ ironiya asti’na ali’p woti’rg’ani’ tu’sinikleri bolsa kerek. Uri’sqi’marli’kti’n’ usi’g’an uqsas jaman aqi’betleri usi’ tariyx muzeyin su’wretlew bari’si’nda gid hayaldi’n’ awzi’nan ashi’qtan ashi’q ja’ne de ayqi’ni’raq so’z yetiledi. Mi’sali’:

Gid hayal

Iskender patshadan keyin Shi’n’g’i’zxan,
Wonnan keyin Timur ha’m Napaleon.
Ha’m de jer ju’zlik uri’slardi’n’
Qanxor basshi’lari’, ja’ne jazi’lg’an…

Ptolomey

(raketalardi’n’ ga’wmis pisenlerin ko’rip…)
Mi’na temir qanat quslar ne ba’le?

Gid hayal

Bul yeki mi’n’i’nshi’ ji’llardi’n’ isi,
Yen’ bir qa’wipli uri’s qurallari’ni’n’
Shobi’tqana–svalkasi’ bul jatqan…
Insan aqi’li’ ha’m de ilim wol waqti’
Sonshelli qudi’retli ku’shke yerisken.
Atomni’n’ qu’diretli si’rlari’n ashqan,
Qayti’p jaba almay aqi’ldan sasqan.
Adam tun’g’i’sh ret kosmosqa ushqan…

… Kisilik jari’sti’ri’p men ku’shlimen dep,
Planeta ta’g’dirin soqtag’a tikken.
Biraq ta jaqsi’li’q ha’m adamzatti’n’
Ulli’ aqi’l dialektikasi’ jen’gen (219-220-bet).

Ko’rip woti’rg’ani’mi’z si’yaqli’, bul so’zlerdin’ barli’g’i’ shi’nli’q ha’m wolardi’n’ birewinen de taysali’w mu’mkin yemesligin patsha da, woni’n’ jawi’z sa’rkardasi’ Ptolomey de ani’q moyi’nlaydi’. Patsha tariyx muzeyinde Aristotel–Erastudi’n’ yeskertkishine gu’l qoyi’p ati’rg’anlardi’ ko’rip: «A’ziyz ustaz, Aristotel–Erastu, uli’li’g’i’n’i’zg’a ta’n berdim bu’gin!» (221-bet)–deydi. Al, Ptolomey bati’r bolsa, «Uri’sti’n’ shan’g’i’ti’nda ju’rip bilmeppiz, wo’mir degen qi’zi’q na’rse yeken–g’oy! Al, woni’n’ u’stine mi’na bir zaman. Adamg’a ha’zik g’oy, sonday abadan» (224-bet)–deydi.

Usi’ jerde ja’ne bir yeskertip wo’tetug’i’n na’rse sol, uli’wma qi’yali’y syujettin’ bari’si’ menen birge joqapri’dag’i’: «Kisilik jari’sti’rap, men ku’shlimen dep, Planeta ta’g’dirin soqtag’a tikken»,–degen qatarlardi’n’ wo’zinde shayi’rlardi’n’ folklorli’q ko’rkem da’stu’rlerge su’yengenligi, syujetti qi’sqa qatarlarda (wo’tken, bolg’an waqi’yalardi’) ulg’ayti’p, giperbolali’q su’wretlew menen bergenligi ani’q ko’rinip tur. Shi’g’armada bunday ko’rkemlew qurallari’ menen berilgen qatarlar wog’ada ko’p ha’m shayi’rdi’n’ basqa da do’retpelerinde ken’ wori’n alg’an.

Poemani’n’ son’g’i’ bo’limlerinde patsha Onesiyani’n’ mi’n’i’nshi’ shawli’g’i’ Onesiya atli’ yekinshi qi’z benen tani’sadi’. Wol Onesiyani’ bir waqi’tlari’ hu’rmet yetkenligin bildirip patsha wog’an ashi’q boli’p qaladi’. «Onesiya suli’wli’qti’n’ sholpani’, bul ushi’rasi’w tu’sim be, ya won’i’m ba?» (222-bet).

Patsha

Ju’rek degen jani’p barati’r, ustaz!
Jandi’ wo’rtemekte ashi’qli’q woti’…
…Men patsha yemespen, a’y du’nya sag’an!

Kisiligim patsha taxti'n ta'rk yetti
Muxabbatti'n' gedayi'man men yendi!

Erastu

Siz go'zzal insansi'z yendi patshayi'm,
Qi'zi'g'aman siz mingen i'shqi' taxti'na
…I'shqi'–wol qu'diretli tolqi'nli' ten'iz,
Ta'wekel qayi'gi' ju'zer jelqomsi'z.
Qi'li'sh penen jawlap alg'an taxti'n'nan
Mi'n' ma'rtebe zi'yat muhabbet taxti' (225-bet).

Mine, wol usi'layi'nsha Onesiya yekinshinin' de u'lken hu'rmetine yerisedi. Onesiya yekinshi woni' wo'zinin' u'lken analari'ni'n' birine hu'rmet ko'rsetkenligi, ba'lkim, Oks da'ryasi'n Girkan ten'izinen buri'p Oksianag'a qayta ag'i'zg'anli'g'i' ushi'n, mu'mkin, ju'z jastag'i' qariyalardi' tiriley wo'lim oypatli'g'i'na apari'p taslaw da'tu'rin biykarlag'ani' sebepli, yamasa wol wo'z qa'telikleri menen kemshiliklerin moyi'nlag'anli'g'i' ushi'n su'yip qaldi'. Biraq, bul yeski a'sirdin' adamlari' zamanlas jan'a da'wir 3300-ji'llardi'n' adamlari' jati'rkap qoyadi'. Bul jati'rqaw da poema–pesada ayi'ri'qsha ta'sirli turde bir neshe qa'niygelerdin', vrachlar psixiatorlardi'n', yuristler menen akademiklerdin' u'lken konsoliumi' si'pati'nda ayi'ri'qsha qi'zi'qli', qi'yali'y tu'rde woydan tabi'lg'an sa'tli syujetlik detallari' sheberlik penen ashi'lg'an. Bul jerde de Onesiya yekinshi patshani'n' ju'da' jaqsi' ko'rip su'yetug'i'nli'g'i'n bildiredi («Iseniw bi'lay tursi'n yesitin' hamme, Men woni' su'yemen, wol go'zzal insan!» (233-bet).

Onesiya-2

Ax, qanday su'ykimli suli'w adamsi'z,
Men sizdi su'yemen, a'ziyz patshayi'm!

Patsha

…Biz yekewimiz yeki da'wir adami',
Qori'qpaysan' ba jurtti'n' nasag'i'nan sen…?

Onesiya-2

Nasaq so'z degen bir i'zg'i'ri'q samal,

Gu’wlep yesip–yesip bir ku’ni ti’nar.
Ha’mmesi biyhuwda. Waqi’tsha wolar.
Shi’n kewilden su’ygen waqta adamlar,
Jas joq, g’arri’ joq, teppe–ten’ wolar.
Biz yekewimiz so’zge bolsaq ta qayi’m,
Men sizdi su’yemen, ulli’ patshayi’m!... (229-bet).

Bizin’she bular insani’yli’q ta’biyg’i’y jarati’li’s, adam woyi’, woni’n’ aqi’l parasat du’nyasi’ menen psixologiyasi’ jag’i’nan qarag’anda da shi’nli’qqa jaqi’n. Wo’ytkeni, wonda tap shayi’rdi’n’ wo’zinin’ wo’mirbayanli’q yaaktlik detallari’ da ani’q turg’anli’g’i’n jasi’ri’p qali’w mu’mkin yemes ha’m bul baska da ko’plegen insanlardi’n’ basi’nda bar na’rseler yekenligi de ani’q. Sonli’qtan, usi’ wori’nlarda shayi’r wo’mirde bar na’rselerdi qi’yali’y fantastikali’q syujet bag’darlari’nda kompoziciyali’q jaqtan sheberlik penen biriktirgenine ta’siyin qalasan. Bulardi’ shayi’r doretpege pesa spektakl formasi’nda teren’ sin’irip jibergen. Sonli’qtan, wol tamashago’yler ha’m woqi’wshi’larg’a da karata: «Iskender patshani’n’ rolindegi, Adam jaqsi’ insan, a’jayi’p kisi» (232-bet), «Siz go’zzal adamsi’z patshayi’m menin’, Bul g’a’letiy spektakl kem–kemnen, bizin’ wo’miririmizge sin’ip barmaqta…» (228-bet) bir neshe ret yeskertip te woti’radi’. Biraq, ba’ri bir wolar arasi’nda ayi’rali’q woti’ janadi’. Patsha kosmolyot penen jat planetag’a ketip, woni’ Onesiya yekinshi ha’m tag’i’ basqalar qi’ymasli’q penen uzati’p qaladi’. Sondag’i’ patshani’n’ aytqan mi’naday ta’sirli so’zleri de ju’da’ sa’tli tabi’lg’an ha’m wol da shayi’rdi’n’ wo’mirbayani’ ha’m buri’ng’i’ lirikali’q qosi’qlari’ menen ti’g’i’z baylani’sli’ yekenligi ani’q sezilip tur. Bul poema – pesani’n’ uli’wmali’q su’yeginde isletilgen qi’yali’y syujetlerdin’ realistlik si’patlari’n ja’ne de bekkemlep baradi’. Qaran’i’z:

Mine, yesti ma’n’gi ayrali’q samali’,
Ga’ pu’tkil du’nyag’a hu’kimdar yetip,
Ga’ sheksiz qayg’i’g’a griptar yetip,
Ta’g’dir jezdesindey woynar biz benen…

Onesiya-2

Sen menin’ kewlimnin’ ulli’ patshasi’,
Nege sonsha si’r tutasan’ wo’zin’di.
Ayt sen kimligin’di sonda adamlar
Jibermeydi seni jat planetag’a… (235-bet).

Biraq, ba’ri bir patsha wo’zinin’ basqa zamanni’n’ adami’ yekenligin ayti’p, yendigiden bi’lay kosmostag’i’ bosli’qta tozan’ yan’li’ ku’n keshiretug’i’nli’g’i’n bildiredi. («Sebebi ha’r insan, tek wo’z zamani’ni’n’ perzenti g’ana…»).

Patsha

Dawi’lg’a aylandi’ ayrali’q jeli,
Xosh bol, Onesiya, ma’n’gi a’rmani’m!

Onesiya-2

Menin’ patshayi’m, arzi’wli’ yari’m!
…Kosmosta tonasan’, qamti’ jag’an’di’,
…Ne degen qatal ha’m miyrimsiz insan,
Biri –birin quwar planetadan!... (237-bet).

Mine, usi’layi’nsha kosmosqa ushi’w ushi’n kosmolyotqa start berilgende woni’n’ dawi’si’nan Shorshi’p woyani’p ketedi. Syujettin’ tap usi’nday wori’nlardi’n’ shayi’rdi’n’ tapqi’rli’q penen psixologiyali’q tu’rde da’liyllep su’wretlewi u’lken sheberlik boli’p yesaplanadi’. So’ytip «Ma’n’gi suw» to’gilip qaladi’, patshayi’m»,–degen dawi’slarg’a wol:

Joq, joq hesh wo’kinben’ to’gilgen suwg’a,
Hesh bende wol suwdan ishpewi lazi’m.
Men tek sizler menen jasap wo’temen,
Men su’yemen sizdi zamanlaslari’m! (238-bet), –deydi.

Poema-pesani’n’ aqi’ri’ndag’i’ epilogta shayi’r Asqardi’n’ «Wo’mir daraqti’» dep atalg’an tas qashalg’an su’wretti pitkerip, jip za’n’giden saqal shashlari’ ag’ari’p tu’sip kiyati’rg’anli’g’i’n beredi. Tas su’wrette Onesiyani’n’ yemsheginen da’rya nurli’ suw ag’i’li’p turg’an ko’rinisi sa’wlelengen. Bul a’lbette, simvolikali’q si’patka iye boli’p, putkil womirdin’ ana ha’m suw menen

ma’n’gilik baylani’si’n sa’wlelendirse kerek. Sonli’qtan, do’retpenin’ aqi’ri’ Aristotel–Erastudi’n’ mi’naday so’zleri menen juwmaqlang’an:

Sarki’ramas insanni’n’ o’mir bulag’i’,
Ha’r adam perzenti wo’z zamani’ni’n’…
…Zamani’n’a sadi’q bolg’aysan’ insan!
Sa’lem, ulli’ Quyash, ma’n’gilik wo’mir! (241-bet)

Juwmaqlap aytqanda, I.Yusupovti’n’ bul «Ma’n’gi bulaq» poemasi’nda xalqi’mi’zdi’n’ bay milliy folklori’ndag’i’ turmi’s shi’nli’g’i’n, insanlardi’n’ woy a’rmanlari’n qi’yali’y fantastikali’q jol menen ko’rkem tu’rde tu’siniw ha’m tu’sindiriw tiykarg’i’ negiz boli’p xi’zmet yetedi. Xali’qti’n’ ko’rkem woyi’ndag’i’ usi’nday folklorli’q pikirlew shayi’r ushi’n tek syujet, bir tutas syujetlik kompoziciya du’ziwdin’ usi’li’ g’ana boli’p qalmastan, al folklorli’q da’stu’rlerdegi bunnan basqa da bir neshe qa’siyetler sol basli’ syujetlik bag’dardi’ estetikali’q jaqtan bezewge de ali’p kelgen. Shayi’r folklorli’q da’stu’rlerdegi bir neshe poetikali’q arsenallardi’ naq turmi’sli’q filosofiyali’q a’hmiyeti basi’m problemalar, a’dep–ikramli’q ma’seleler ha’m realistlik ko’rkem psixologiyali’q da’liyller menen bezep, bayi’ti’p isletken. Bul XX a’sir ko’rkem so’z sheberinin’ folklordi’ jan’g’i’rti’wdag’i’ u’lken tabi’si’.

## II bap I.Yusupovti’n’ «Bu’lbil uyasi’» poemasi’ndag’i’ parallel obrazlar ha’m parallel syujetler folklorli’q ha’m jazba a’debiy da’stu’rlerdi birlestiriwdin’ usi’li’ si’pati’nda

A’debiy ko’rkem praktikag’a ani’q na’zer taslap qarasaq ha’r qanday ko’rkem so’z sheberleri de wo’z mu’mkinshiliklerinen kelip shi’g’a woti’ri’p wo’tkendegi ko’rkem da’stu’rlerimizdi, soni’n’ ishinde milliy folklorli’q u’lgilerdi isletiwdin’, ha’r qi’yli’, ko’p tu’rli usi’llari’n islep shi’qqanli’g’i’n an’law

mu’mkin. Bul ha’r qanday qa’lem iyesinin’ talant da’rejesi menen ilimiy jetiskenliklerine baylani’sli’ a’melge asi’p woti’rsa kerek. Usi’nday usi’llardi’n’ biri poeziyada, atap aytqanda poemalarda parallel syujetlik-kompoziciyali’q wo’zinshellikler menen birge parellel obrazlardi’ isletiw boli’p tabi’ladi’ desek qa’telespeymiz. Yag’ni’y ani’g’i’raq aytqanda, shi’g’armada bir ta’repte folklorli’q tiptegi ko’birek yadtan, ko’rkem tvorshestvoli’q qi’yaldan tuwi’lg’an syujetler menen obrazlar tursa, al yekinshi ta’repten haqi’yqi’y real wo’mirdegi obrazlar turadi’ ha’m yekewinin’ toqi’mali’q sali’sti’rmasi’ arqali’ shayi’r yaki jazi’wshi’ turmi’s haqi’yqatli’g’i’n wo’zinshe poetikali’q tu’rde woqi’wshi’g’a ta’sirli jetkerip su’wretlewge yerisedi. Bul qa’siyetler wo’zinshe intuciyali’q tu’siniklerge iye yamasa ilimiy a’debiy sawatli’li’qqa iye woqi’wshi’lar qa’wimi ju’da’ ta’sirlenip, tolqi’nlani’p, ga’de quwani’shli’, ga’de mun’li’ psixologiyali’q qa’wipler ku’tip ali’p woti’radi’. Atap aytqanda, a’jayi’p talant iyesi I.Yusupovti’n’ «Bu’lbil uyasi’» poemasi’ni’n’ poetikasi’mine, ani’q tap usi’nday qa’siyetlerge iye yekenligin ko’riwimizge boladi’. Talantli’ jazi’wshi’ G.Yesmuratovani’n’ «Jiyren» povestinin’ syujetlik-kompoziciyali’q wo’zgesheligi menen obrazlar sistemasi’ usi’ taqi’lette quri’lg’an. Ataqli’ jazi’wshi’ SH.Aytmatovti’n’ «I’razi’ bol, Gu’lsari’ at!» do’retpesinde de usi’nday haqi’yqi’y klassikali’q poetikali’q si’patti’ an’law qi’yi’n yemes. Bul ma’sele ilim menen a’debiy si’ni’mi’zda usi’nday mazmunda ayti’lmasa da, biraq biz usi’ si’patti’ basi’mli’g’i’na ko’zimiz jetedi. Al, ilimde bul bag’dardag’i’ tu’sinikler wolarda haywanatlar obrazi’n jasaw, simvolikali’q obrazlardi’ haqi’yqi’y realistlik adam, insan obrazlari’ menen birge qatar qoyi’p su’wretlew degshen mazmundag’i’ pikirler ayti’li’p kelmekte. Al, haqi’yqati’nda da bul bizin’she jazi’wshi’lar menen shayi’rlari’mi’zdi’n’ folklorli’q da’stu’rlerdi bu’gingi jazba a’debiy da’stu’rler ha’m ha’zirgi wo’mir shi’nli’g’i’ menen baylani’sti’ri’wdi’n’ bir usi’li’ dep woylaymi’z.

## II.1 Parallel obrazlar folklorli’q ha’m jazba a’debiy da’stu’rlerdi birlestiriwdin’ usi’li’ si’pati’nda

Biz bul bo’limde basqa shi’g’armalardi’ ha’zirshe qoya turi’p, I.Yusupovti’n’ «Bu’lbil uyasi’» poemasi’ndag’i’ parallel obrazlardi’n’ folklorli’q ha’m jazba da’stu’rlerdi birlestiriwdin’ usi’li’ si’pati’ndag’i’ ko’rinisine na’zer taslap wo’tsek.

Haqi’yqati’nda shayi’rdi’n’ ati’ atalg’an poemasi’ni’n’ negizgi worayi’nda wo’zinshe bioanatomiyali’q, wo’zinshe hawazg’a iye bu’lbil obrazi’ ha’m wo’ni’n’ palapani’ ta’g’diri, woni’n’ uyasi’ni’n’ ta’biyg’i’y apattan buli’wi’ turadi’. Shi’g’armani’n’ ati’ da usi’g’an baylani’sli’ «Bu’lbil uyasi’» dep atalg’an. Al, biraq woni’n’ negizinde, simvoliko-metaforali’q obrazdi’n’ astari’nda adam, insan ta’g’dirin ashi’p beriw, adam balasi’ni’n’ u’yi, shan’arag’i’ menen jasaw worni’, sharayati’ni’n’ ta’g’diri turadi’. Sebebi, do’retpedegi yekinshi bir syujetlik bag’darda bu’lbildin’ da’l wo’zi boli’p sayrap kete beretug’i’n ha’m aqi’lli’, wog’ada tu’simpaz, Muskat degen iyti bar mug’a’llim jigittin’ wo’miri sa’wlelendirilgen. Wol jan’a g’ana u’ylengen jas jigit waqti’nda yekinshi jerju’zlik uri’s baslani’p ketip yeki qabat jas kelinshegi awi’lda qaladi’. Jigitten tu’rlishe na’ma’lim sebepler menen qaza boldi’ degen «qara qag’az» keledi. Kelinshek jesir qali’p ko’p azaplar ko’redi, tuwi’lg’an qi’z a’jesinin’ u’yinde qaladi’. Kelinshek turmi’sqa shi’g’i’p, qi’zi’n boy jetkende jigittin’ anasi’ qayti’s bolg’anda ali’p ketedi. Biraq, son’i’nan belgili bolg’ani’nday-aq, bu’lbil jigit qayti’s bolmag’an yeken, ba’ri wol bulardi’ ushi’rasti’rmay-aq wo’lip ketedi. Tek woni’n’ izinde, wo’z su’yiklisine ha’m anasi’na bag’i’shlag’an qosi’q qatarlari’ qalg’an.

Al, basli’ birinshi syujetlik bag’darda bolsa, buzi’lg’an uyadag’i’ palapanni’n’ anasi’ qatti’ suwi’q, i’sqi’ri’q boranda palapani’n qolti’g’i’ asti’na ali’p wo’zi wo’lip ketedi. Buni’ ko’rip shayi’r-lirik qaharman palapang’a ayri’qshi’ g’amxorli’q yetip, wog’an awzi’nan suw tami’zi’p, qurt jutqi’zg’an lirik ko’shirmelerin jazi’p su’wretleydi.

Mine, bul qi’sqasha syujetlik mazmunda ayti’p woti’rg’ani’mi’zdi’n’ ma’nisi shi’g’armani’n’ uli’wma juwmag’i’nda ha’r qanday tiri maqluq wo’z uyasi’nan yaki jupti’si’nan ayri’lsa u’lken apatqa, tragediyag’a ushi’raydi’ yamasa nabi’t boladi’ degen pikirdi obrazli’ tu’rde keltirip shi’g’ari’p, woni’ pu’tkil

insaniyatqa so’z qa’dirinin’ ulli’ ku’shi, woni’n’ teren’ligi menen jetkeredi. Haywanatlar ushi’n du’zdegi uya, jarati’li’s ta’biyati’, jasaw worni’ bolsa, al insan adam balasi’ ushi’n bul shan’araq tuwi’lg’an jer, putkil jer shari’ wolardi’n’ wo’z uyasi’ boli’p yesaplanadi’. Sol uya buzi’lsa wolardi’n’ yekewi de nabi’t boladi’. Bizin’she bul u’lken filosofiyali’q, a’debiy ko’rkemlik pikir boli’p yesaplanadi’. Bul pikirlerdin’ folklorli’q ha’m jazba a’debiy da’stu’rler menen poetikali’q tu’rde sheber sintezlenip beriliwin biz, to’mendegi tarawlari’mi’z arqali’ da’liyllep ko’rsetiwge umti’lami’z.

Shayi’r shi’g’armada yen’ da’slep wo’zi tuwi’lg’an jeri tuwrali’ ishki lirik keshirmelerin beredi. Sebebi, tap sol jerden bu’lbil uyasi’n ha’m woni’n’ ayani’shli’ ta’g’dirin ushi’ratqan. Bul bizin’she syujetlik sharayatti’ so’z sheberinin’ jazba realistlik si’patta obektivlestirip su’wretlewi boli’p yesaplanadi’ ha’m ju’da’ aqi’lg’a muwapi’q ali’ng’an:

Qani’n’day shi’rayli’ shen’gel gu’lleri,
Jupqa woramal jayi’p ketkendey qi’zlar.
Sol shen’gel asti’nda ko’p ku’nnen berli,
Wo’zim ko’rip ju’rgen qus uyasi’ bar…

Ko’zge i’ssi’q Kegeylinin’ jag’asi’,
Tuwi’p wo’sken shan’da woynag’an jerim
Muzap penen tal asti’nda tabi’si’p,
Tun’g’i’sh muhabbetti ji’rlag’an jerim[1].

Haqi’yqati’nda da, syujetlik sharayatti’ liro-epikali’q shi’g’armada usi’layi’nsha su’wretlew shi’nli’qqa ju’da’ duri’s keledi. Buni’n’ ja’ne bir qi’zi’qli’, teren’ filosofiyali’q tamani’ mi’nada ko’rinedi…

Onda anamni’n’ i’si’q ju’zi, dawi’si’,
Onda doslar zamani’ma yenshiles.
U’lken joldan shette usi’ awi’ldi’

[1] Yusupov I. Tan’lamali’ shi’g’armali’.—No’kis, Qaraqlpaqstan, 1992. T.I. -199-bet. (Yendigi mi’sallar usi’dan ali’nadi’, qawi’s ishinde tek beti ko’rsetiledi).

Ko’rip turmasam hesh kewlim kenshimes…

Usi’lay yetip wol yen’ aldi’ menen wo’z anasi’n yeske ala woti’ri’p, yendi balali’q waqti’nda sol awi’lda joldi’n’ shetinde buzi’li’p ati’rg’an uyada bir belgisiz qus palapani’n ko’rgenin ha’m wog’an g’amxorli’q yetkenlerin ayri’qsha shayi’rli’q terbenisler, u’lken gumanistlik mehribanli’q sezimler menen jazadi’:

Uyasi’ buzi’lg’an sho’bi shashi’li’p,
Shen’gellikke kirdim ti’rnali’p a’ste.
Sari’ awzi’ topi’raqqa basi’li’p,
Jerde jati’r qus balasi’ na’reste.
…Palapandi’ saldi’m wo’z uyasi’na…
…Anasi’ qayda yeken? Nege kelmeydi?!
Ya bayg’us qus izlep ju’rgen be yeken?
Atasi’n aytpay-aq qoyayi’q meyli
«A’ken’nin’ jaqsi’si’-jezdey», degen… (191-bet).

Di’qqat awdari’p qarasaq tap usi’ jerde lirik qaharman yamasa shayi’rdi’n’ wo’z anasi’n yeslep boli’p: «Anasi’ qayda yeken, nege kelmeydi?» dep palapanni’n’ anasi’ haqqi’nda pikir bildiriwinin’ wo’zi uli’wma adamgershilikli insani’y pazi’ylet, ayri’qsha teren’ woy boli’p yesaplansa kerek. Soni’n’ menen birge usi’ qatarlarda «A’ken’nin’jaqsi’si’ jezdey»,-degen naqi’ldi’ keltiriwi de shayi’rdi’n’ naqma-naq folklorli’q ko’rkem da’stu’rlerge qatnas jasag’anli’g’i’n, wog’an ju’ginetug’i’nli’g’i’n ani’q ko’rsetip tur. Sonday-aq shayi’r poemani’n’ belgili bir wori’nlari’nda:

Ku’n suwi’q adamlar juqa kiyingen,
Qoyni’nan kirgen jer shi’g’ar miyinen.
Bayshubarg’a mingestirgen Barshi’ndi’,
Alpami’stay bala kewlim su’yingen (200-bet),

-dep kelinshekti atqa mingestirip qaytqani’n jazg’anda ataqli’ qaraqalpaq qaharmanli’q da’stani’n yeriksiz yadqa ali’p, sol qaharmanlarg’a wo’zlerin sali’sti’ri’p ko’rsetedi. Bunnan qala berse shi’g’armada bu’lbil boli’p sayrap kete beretug’i’n talanqa iye soldat jigittin’ frontta ju’rgende anasi’ menen su’ygen fri’na

jazg'an qosi'q qatarlari'ni'n' barli'g'i' derlik toli'g'i' menen folklorli'q u'lgide, awi'zeki xali'q qosi'qlari'ni'n' stilinde jazi'lg'an ha'm poemada usi'layi'nsha berilgen. Demek, usi'lardi'n' barli'g'i' so'z sheberinin' do'retpede folklorli'q ko'rkem da'stu'rlerge sanali' tu'rde (ko'binese), al bazi' bir jag'dayda wo'zinin' yerkinen de ti'sqari' ta'biyg'i'y psixologiyali'q tu'rde qatnas jasag'anli'g'i'n an'lati'p turadi'. Sonli'qtan da, syujetlik kompoziciyali'q bag'dardi'n' joqari'dag'i' naq folklorg'a tiyisli bo'legin bi'layi'nsha dawam yettirilgen.

…Tani's soqpaq penen men sonnan berli,
Sol uyadan xabar ali'p turaman.
Bir barsam, qanati' shi'g'i'p palapan,
Talpi'ni'p ushi'wg'a talwas yetedi.
Bazda barg'ani'mda sol bir uyadan,
Biytani'slaw bir qus ushi'p ketedi.

Al, usi' biytani'slaw qusti'n' bioanatomiyali'q si'pati'n da shayi'r lirik qaharmanni'n' balali'q psixologiyasi'na baylani'sli' bi'laysha qi'zi'qli' ha'm ta'biyg'i'y tu'rde sa'wlelendirgeni u'lken realistlik ha'm obektivlik si'patqa iye…

Shi'mshi'q deyin desem, wonnan g'awi'raq…
Men ko'rgen quslarg'a qatnasli' yemes.
Tu'ri boztorg'ayg'a megzes ta'wiraq,
Biraq, poshshabayday shotbasli' yemes (192-bet).

Solay yetip, yendi folklorli'q syujetlik bag'dardi' waqti'nda toqtati'p shayi'r yekinshi bo'limde balali'q da'wirdegi, wo'z awi'li'n ha'm adamlar ta'g'dirin yadqa tu'sirip su'wretlewge wo'tedi:

Terekli yel boldi' biz wo'sken wo'n'ir
Biraz yerik, shabdal, bag'i' bar yedi.
Wolar yerte ba'ha'r ashkanda gu'l,
Tu'n boyi' bu'lbiller sayrasar yedi.
…Bala kewlim an'sap a'lle kimlerdi,
Bu'lbil sestin ti'n'lar yedim i'nti'g'i'p (192-bet).

Qaran’i’z, qa’lem iyesinin’ syujetlik lirikali’q sheginisti tag’i’ da bu’lbil menen ta’biyg’i’y organikali’q tu’rde baylani’sti’ri’p beriwine di’qqat awdarsaq, wol u’lken a’hmiyetke iye.

Shi’ni’nda da, bu’lbil qus sayrawi’n qati’ri’p sayrasa da, al wo’zi insan balasi’ni’n’ ko’zine ani’q tu’se bermey, wo’zin jasi’ri’n tutqi’si’ keletug’i’ni’ i’ras. («Bir ilaxiy qustay wo’zin si’r tuti’p, bu’lbiller ko’rinbey sayrasar yedi…»). Yendi usi’lay yetip shayi’r sol awi’lda bu’lbil boli’p sayraytug’i’n jigitti ta’riyplewge wo’tedi:

Al jazda quslardi’n’ shoq sayrawi’nda,
Woni’ yesitpedim, Qayda jog’alg’an?
Biraq bir mug’a’llim boldi’ awi’lda
Bu’lbildin’ da’l wo’zi boli’p «sayrag’an».

Awi’lda ha’wesker koncert bolg’anda,
Duwtar shertip, tambur shalar yedi wol.
Jurtti’ duw ku’ldirip i’sqi’ri’p sonda,
Ayni’mag’an bu’lbil bolar yedi wol.

Bazda kolxoz pali’zi’nan tu’nlerde,
Biz uyatsi’z qawi’n urlap jer yedik.
Bu’lbil sayrap ketse qaysi’ jerlerde,
«Mug’a’llim wo’ldi» dep zi’p berer yedik (192-193-betler).

Mine, usi’ «bu’lbil mug’a’llim» yekinshi jer ju’zlik uri’sti’n’ baslani’wi’ menen yeki qabat kelinshegin taslap, basqa jigitler qatari’ frontqa ketiwge ma’jbu’r boldi’. («Ku’ygelek ko’z kelinshegi bar yedi. Qosi’q aytqan wag’i’nda xosh hawazi’nan, ay tuwi’p, juldi’zlar sag’i’nar yedi» (193-bet).

Bulardi’n’ barli’g’i’ da, a’lbette, jigirmalanshi’ a’sirdin’, qi’rqi’nshi’ ji’llari’ni’n’ shi’nli’g’i’nan ali’ng’an nag’i’z real wo’mir kartinalari’ yekenligi ma’lim boli’p tur. Sonday-aq, demek, usi’ ko’rinis ha’diyselerden baslap-aq bulardi’n’ aldi’ng’i’ bo’limde sa’wlelengen bu’lbil uyasi’ni’n’ buzi’li’wi’ si’yaqli’

ta’biyat du’nyasi’ndag’i’ uqsasli’g’i’ sezilip turadi’. SHayi’r usi’ waqi’yalar arqali’ real wo’mirde bu’lbil mug’a’llimnin’ shan’arag’i’ni’n’ (uyasi’ni’n’) kem-kem i’di’rap, buzi’la baslag’anli’g’i’n ti’msallap (bu’lbil uyasi’ arqali’) ha’m real turmi’s shi’nli’g’i’n beriw arqali’ woni’ obektivlestirip te realizmdi ku’sheytip, wog’an jazba a’debiyatli’q si’pat yengizip su’wretlewge yerisedi.

Al, mi’naday kartinali’q ko’riniske de na’zer sali’p qarayi’q:

Kegeyli boyi’nda xali’q i’g’i’-ji’g’i’n,
Jigitler kemege mindi pesinde.
«Bu’lbil» sayrap ketip Muskat iytinin,
Suwg’a sekirgeni jurtti’n’ yesinde (193-bet).

Haqi’yqati’nda, bunda ayani’shli’ kartina buri’nnan xali’q turmi’si’nda bar iyt penen at yer jigittin’ wo’mirlik qostari’ menen birge nag’i’z isenimli joldas degen tu’sinik-bul folklorli’q da’stu’rlerden berli kiyati’rg’an uli’wma xali’qli’q milliy, psixologiyali’q, a’dep-ikramli’q qa’siyetlerdin’ biri boli’p yesaplanadi’. Soni’ shayi’r real wo’mir shi’nli’g’i’na tiykarlani’p ta, jazba a’debiy da’stu’rler menen ushlasti’ri’p ta shi’g’armada duri’s isletken. Soni’n’ ushi’n da poemani’n’ tutas poetikasi’nda usi’ Muskat iytke baylani’sli’ detallar u’lken a’hmiyetke iye. Tap usi’ Muskat iyt lirik qaharman tabelchik boli’p, wol ayna aldi’nda tu’nde go’rek shi’g’ari’p ati’rg’an kelinshekti baqlap turi’p uyi’qlap ketkende woni’n’ ayag’i’n si’ypalap woyatadi’. «Bu’lbil» jigit fronttag’i’ barli’k wo’miri boyi’ awi’lda kelinshegi menen birge qawi’n suwg’ari’p ati’rg’anda su’wretke tu’skende de wolardi’n’ qasi’nda usi’ Muskat iyti boladi’. Qaran’i’z:

…Uyi’qlap ketsem ayna aldi’na bas qoyi’p,
Tu’simde wol so’ylegendey boladi’.

Sonda qoni’shi’ma su’ykenip a’sten,
Oyati’p jibergen kim yeken desem,
Ma’lle ju’nli Muskat yeken ja’niwar,
Qanday jaqsi’ iytine shekem (197-198-betler).

«Su’wret tozg’an, qag’azi’ da sari’ di’m,
Yekewi suwg’arar qawi’n qari’g’i’n.
Ko’zlerinde jasli’q nuri’ bar,
Iyt hasi’li’ Muskatti’ da tani’di’m» (213-bet).

Bulardi’n’ barli’g’i’nan kelip shi’g’atug’i’n juwmaq-wol haywanatlar barli’q waqi’tlarda insan balasi’, adamzatti’n’ dosti’, tek g’ana wolardi’n’ tilin tawi’p, g’amxorli’q yete biliw kerek, wolarg’a hazar beriw naduri’s degen pikir. Solardi’n’ ishinde iyt xali’qli’q da’stu’r boyi’nsha insan balasi’ni’n’ dosti’ boli’p qaladi’ degen pikirdi ko’rsetiwden ibarat ha’m wolardi’n’ barli’g’i’ folklorli’q milliy ko’rkem da’stu’rlerden beri kiyati’rg’an woylar yekenligi attan ani’q belgili boli’p tur.

## II.2 «Bu’lbil uyasi’» poemasi’ndag’i’ parallel syujetler folklorli’q ha’m jazba a’debiy da’stu’rlerdi birlestiriwdin’ usi’li’ si’pati’nda

Biz bul bo’limde I.Yusupovti’n’ «Bu’lbil uyasi’» poemasi’ndag’i’ parallel syujetler folklorli’q ha’m jazba da’stu’rlerdi birlestiriwdin’ usi’li’ si’pati’ndag’i’ ko’rinisine na’zer taslap wo’tsek.

Shayi’r pemasi’nda birinshi syujetlik bag’darda yen’ da’slep wo’zi tuwi’lg’an jeri tuwrali’ ishki lirik keshirmelerin beredi. Sebebi, tap sol jerden bu’lbil uyasi’n ha’m woni’n’ ayani’shli’ ta’g’dirin ushi’ratqan. Bul bizin’she syujetlik sharayatti’ so’z sheberinin’ jazba realistlik si’patta obektivlestirip su’wretlewi boli’p yesaplanadi’ ha’m ju’da’ aqi’lg’a muwapi’q ali’ng’an:

Qani’n’day shi’rayli’ shen’gel gu’lleri,
Jupqa woramal jayi’p ketkendey qi’zlar.
Sol shen’gel asti’nda ko’p ku’nnen berli,
Wo’zim ko’rip ju’rgen qus uyasi’ bar…

Ko’zge i’ssi’q Kegeylinin’ jag’asi’,
Tuwi’p wo’sken shan’da woynag’an jerim
Muzap penen tal asti’nda tabi’si’p,
Tun’g’i’sh muhabbetti ji’rlag’an jerim[1].

Yekinshi sjetlik bag’darda shayi’r mug’a’llim jigittin’ mine, usi’ «bu’lbil mug’a’llim» yekinshi jer ju’zlik uri’sti’n’ baslani’wi’ menen yeki qabat kelinshegin taslap, basqa jigitler qatari’ frontqa ketiwge ma’jbu’r boldi’. («Ku’ygelek ko’z kelinshegi bar yedi. Qosi’q aytqan wag’i’nda xosh hawazi’nan, ay tuwi’p, juldi’zlar sag’i’nar yedi» (193-bet).

Solay yetip, shayi’r jigitti frontqa uzati’p boli’p u’shinshi bo’limde ja’ne de bu’lbil qus haqqi’ndag’i’ waqi’ya syujetke ko’shedi. Bunda wol usi’ qusti’n’ tek g’ana bir ma’yek sali’p, sol jalg’i’z ma’yek u’stinde quri’q basi’p, bag’ joq jerde shen’geldi sayalap, shan’geldi g’ana i’qlap ko’zleri to’rt boli’p u’lken u’mitler menen perzent dag’i’nda jatatug’i’nli’g’i’n ayri’qsha terbenisler menen jetkeredi:

Jalg’i’z ma’yek sali’p quri’q basqanda,
Bir i’nti’qli’q sezim juwi’ri’p qang’a,
Yerik na’wshesindey ju’regi qusti’n’,
Miyrim bulag’i’na shomi’lar yedi.

---

[1] Yusupov I. Tan’lamali’ shi’g’armali’.—No’kis, Qaraqlpaqstan, 1992. T.I. -199-bet. (Yendigi mi’sallar usi’dan ali’nadi’, qawi’s ishinde tek beti ko’rsetiledi).

… Moyi’nsi’ni’p jarati’li’s zan’i’na,
Uwi’z iyi quri’p jatadi’ bayg’us.
… Shen’gel qorg’ap woni’ tikeni menen,
Ku’n i’si’g’an waqta sayasi’n saldi’.

… Ma’yek shayqap waqti’n-waqti’n qozg’aldi’,
Ku’ndiz suwi’q, aqsham ayaz i’zg’arli’,
Gu’belektin’ qanati’nan woyani’p,
«Qusti’n’ uyqi’si’nday»-degen so’z qaldi’ (193-194-betler).

Ko’rip woti’rg’ani’mi’zday, turmi’sta usi’nday bolg’an jag’dayda do woni’ shayi’r ba’ri bir ko’zi ko’rmese de folklorli’q qi’yali’y usi’l menen jetilistirip, ayri’qsha janlandi’ri’p ko’rsetip woti’r. SHayi’r qusqa tiyisli ha’r bir detallardi’ sezimtalli’q penen dinamikali’q usi’lda jetilistirip su’wretlegen. Ja’ne bir ayta keletug’i’n na’rse «qus uyqi’», «qusti’n’ uyqi’si’nday» degen folklorli’q da’stu’rlerge ta’ne ten’ewdi de shayi’r usi’ jerde poemani’n’ bir tutas kompoziciyasi’nda wori’nli’ jerde isletip ayri’qsha sheberliktin’ u’lgisin ko’rsetken.

Usi’ jerde qa’lem iyesi qusti’ ta’riyplewdi ja’ne de toqtati’p, tag’i’ da haqi’yqi’y wo’mirdegi qaharmanlar ta’g’dirin su’wretlewge, qorqi’ni’shli’ ji’llardi’n’ tipik waqi’yalari’n jesir qalg’an kelinshek ha’m wo’zine («Tabelchik bala») baylani’sli’ sa’wlelendiriwge wo’tedi. Bunday qatarma-qatar, parallel syujetlik bag’darlardi’ shayi’rdi’n’ kompoziciyali’q tu’rde baylani’sti’ri’p bari’w sheberlikleri de wo’z aldi’na aytarli’qtay ta’siyin qaldi’radi’. Wol da folklorli’q da’stu’rlerdegi, a’sirese, xali’q da’stanlari’ndag’i’ iri-iri waqi’yalardi’ ji’rawlardi’n’ bayanlaw usi’li’na, wolardi’n’ baylani’sti’ri’w sheberliklerine usap ketkendey boladi’. Mi’sali’:

Birin ayti’p birisine wo’ttim be?!
Qusti’ qoyi’p adamzatqa wo’ttim be?!
Uri’s ji’llar iz qaldi’rg’an talaydi’n’,

Ayaq soqpag'i' ko'p bizin' bettin' de…

Wolar ali'p barar paxtali'qlarg'a,
Ju'weri ati'z ha'm jon'i'shqali'qlarg'a,
Bunda tabelchiktin' «asha tayag'i'»,
Tiymegen bir qi'yiaq yegis jer bar ma?!

Usi' bag'darda wol gilen' hayal-qi'zlar arasi'nda tabelchik bala boli'p atani'p ketken wo'z keshirmelerin bu'lbil jigittin' kelinshegin ha'm basqalardi'n' ta'g'dir jollari' menen qosa ali'p su'wretlep, ati'z qi'yi'nshi'li'qlari' menen birge jigit haqqi'nda pochta ali'p kelgen gazetadag'i' «Sayra bu'lbil» degen maqala menen tani'si'w bari'si'ndag'i' syujet detallari'n ju'da' sheberlik, u'lken ta'sirlilik penen ashqi'n.

«Sayra bu'lbil» degen temasi'n qara!
Uri's barar Dnept jag'alari'nda.
Shaqqan razvetchik boli'p jetisken,
Bizdi woqi'tqan sol mug'a'llim ag'a.

Bu'lbil boli'p sayrap keltirip babi'n,
Til a'kelgish yeken tawi'p yesabi'n
Bul kewilli jaw ju'rekli serjantti'n',
«Solovoy» der yeken polkta laqabi'n (196-bet).

Mine, usi'nday so'zler jazi'lg'an gazetani' ati'z basi'nda woqi'g'anda woni'n' kelinsheginin' quwani'shi'nda shek joq, sol maqalani' «jupqu'a woramali'ni'n' ushi'na a'ste g'ana tu'yip qoyg'ani'na» shekem shayi'r ko'rkem detal si'pati'nda ta'sirli tu'rde poeziyali'q til menen sa'wlelendiredi. Son'i'nan wol tabelchik jigitke bu'lbil jigit penen Moskvag'a barg'ani'nda tani'sqanlari'n ayti'p beredi. Qullasi' wolar arasi'nda mehir-muhabbetli qatnaslar payda boladi'. wolar qi'sta qazi'w waqti'nda qayti'p kiyati'rg'anda kelinshekti si'rti'nan an'lap, wog'an ishinen intizar boli'p ju'rgen basli'q penen wo'tikir qarama-qarsi'li'qlarg'a baradi'. Sol waqi'yalardi' realistlik penen wo'tkir qarama-qarsi'li'qlarg'a baradi'. Sol

waqi’yalardi’ realistlik kartinalar menen su’wretlewlerde de shayi’rdi’n’ sheberligi ayri’qsha ko’zge taslanadi’. Shayi’r bul jerde qi’ymi’l ha’reket detallar menen birge qaharmanlardi’n’ qi’sqa-qi’sqa dialoglari’n berip ayri’qsha tabi’slarg’a yerisken. «Ton’i’p qala ko’rme, tabelchik bala»,-dep woni’n’ jag’asi’n qamti’p ati’rg’an kelinshekti ko’rip qi’zg’ani’sh woti’na jang’an awi’latkom basli’g’i’ at u’stinde si’g’i’rayi’p woti’ri’p wolardi’ bir neshe shi’mshi’may, si’yqi’rli’ so’zler menen shag’adi’. («Usi’ ma awlaqta tabi’skan kisin’,-dep kisimsinip ku’ldi jumi’li’p ko’zi» (200-bet). Wolar arasi’nda mi’naday so’zler ketedi:

Tayi’n’di’ u’yretsen’, miniske jaqsi’,
Qawi’n yegip ketti qosta joq saqshi’…
Sol yekken qawi’ndi’ sag’al jegenshe,
Ballardi’n’ jegeni kewildin’ naqshi’.
—Basi’n aylandi’ri’p an’qaw ballardi’n’,
Qara ko’zli kelin qi’li’g’i’n’ g’ar di’m… (201-bet).

So’ytip, sol awi’latkom basli’g’i’ at u’stinde yen’keyip kelinshekti su’ymekshi bolg’anda da wog’an kelinshek yerik bermey, al tabelchik bala, lirik qaharman bolsa wog’an kesek atkanda at qaymi’g’i’p ketip, basli’q jerge i’n’q yetip ji’g’i’ladi’. Basli’q «Xojali’g’i’n buzba frontovniktin’»,-dep jas bala-jigitti atqa da qaqti’ri’p, woni’ qamshi’ menen aldi’ri’p ta u’lgeredi. Biraq, ba’ri bir wolar awi’latkom basli’g’i’ni’n’ jalg’an g’amxorli’g’i’ menen wol kelinshektin’ izinen an’li’p ju’rip, aqi’r ayag’i’nda woni’ zorlap qolg’a tu’siredi, zorli’q yetedi.

Shayi’r usi’nday real turmi’s waqi’yalari’na baylani’sli’ syujetlik bag’dardi’ beriw arasi’nda da bo’lim-bo’lim si’pati’nda negizgi syujet-bu’lbil uyasi’n, woni’n’ palapani’ni’n’ ta’g’dirin ha’m wog’an baylani’sli’ bolg’an wo’zinin’ liriko-psixologiyali’q, psixo-filosofiyali’q woylari’n a’ste aqi’ri’nli’q penen berip baradi’. Mi’sali’:

Bazda tan’ bolaman sarg’ayi’p atqan,
Geyde jolawshi’man sharshap kiyatqan.
Ne qubi’li’s bolmas kewil du’zinde,
Birde qus bolaman uyada jatqan.

…Woylayman «a’h, sonsha asqi’nlar adam»,

Sonda bul ken’ du’nya qus uyasi’nday.

Bir mu’sa’pirxana ko’riner mag’an… (199-bet).

Ko’pshilik jag’daylarda shayi’r barli’q usi’nday psixo-filosofiyali’q ha’m liriko-psixologiyali’q woylardi’ da basta ali’ng’an bu’lbil qus uyasi’na baylani’sti’ri’p keltirip shi’g’ara beredi. Sonli’qtan da, wol poemani’n’ tiyisli bo’limlerinin’ birinde:

Qaydag’i’ balali’q ali’p yesimdi,

Taslap ketippen-g’oy basli’ isimdi.

Qoy, yertelep bari’p ko’rip keleyin,

Shen’gellikte qalg’an bayg’us qusi’mdi’ (202-bet),

-dep jaza woti’ri’p, bu’lbil uyasi’n ko’riwge barg’ani’nda palapanni’n’ anasi’ni’n’ woni’n’ u’stinde wo’lip qali’p, al asti’nda balasi’ shu’ykillep ati’rg’anli’g’i’n ayri’qsha gumanizm, ta’sirshen’ shayi’rli’q til menen jazadi’:

Qozg’ap ko’rsem jansi’z qusti’ uyada,

Asti’nda shu’ykildep jati’r palapan.

A’jel ayazi’nan qorg’ap perzentin,

Ana bayg’us wo’zi boli’pti’ qurban.

Ya a’jep, ne degen qustag’i’ miyrim!

Tikenge ti’rnali’p sho’pshekler ji’ydi’m.

Jamg’i’r qurti’n palapang’a jutqi’zi’p,

Irgesin tikledim, buzi’lg’an «u’ydin’» (202-bet).

Haqi’yqati’nda, bul jerde folklorli’q da’stu’rdegi haywanatlar obrazi’n jazba a’debiy da’stu’rlerine i’layi’q jetilistiriw, woni’ ja’ne de ani’g’i’raq yetip detallasti’ri’p ko’rsetiw ko’zge taslanadi’ dep woylami’z. Soni’n’ menen birge usi’ jerde shayi’r ta’repinen qus uyasi’ni’n’ sha’rtli tu’rde, parallel hali’nda ali’ng’anli’g’i’ qa’lem iyesi ta’repinen u’ydin’ so’zin ti’rnaqshag’a ali’p jazgani’nan-aq sezilip tur. Yag’ni’y wog’an shayi’r simvolika-metaforali’q

a’hmiyet bergen degen so’z. Al, negizgi bo’liminde bolsa syujettin’ tap usi’ bo’limlerinde, usi’g’an parallel «bu’lbil» jigittin’, uli’wma insanlar ta’g’dirine su’wretleytug’i’n bo’limlerinde fronttan kelinshek «qara qag’az» ali’w menen g’ana sheklenbey, joqari’da aytqan awi’latkomni’n’ an’li’p ju’rip islegen zorli’g’i’na ushi’rag’annan son’ wol shala ma’jgu’n hali’nda tu’nler boyi’ u’yine jaqi’n jerdegi ko’l boyi’nada woti’ri’p, mun’g’a bati’p zarlanatug’i’n boli’p qaladi’. Buni’ yen’ birinshi ret tabelchik jigit, yag’ni’y lirik qaharman sezip qaladi’ ha’m wog’an wo’z sheriklesligin bildirgisi kelgeninde, kelinshek te wog’an minnetdar boli’p, wo’z muhabbati’nda sezdirgen si’yaqli’ bala-jigitti qushag’i’na ali’p aymalaydi’. Bira, basqa da buzi’q niyeti, to’sek qatnaslari’ bolmaydi’. Usi’ jerde basli’qti’n’ qi’lg’an buzi’qli’g’i’ ha’m fronttan kelgen aljasi’q qara qag’azdi’n’ sebeplerine baylani’sli’ da kelinshektin’ ha’m «tabelchik bala»-negizgi lirik qaharmanni’n’ u’ylerine u’lken abi’rji’w, quldi’raw baslandi’ dewge boladi’.

Juwmaqlap aytqanda usi’lardi’n’ barli’g’i’ ha’r qanday ulli’ talant iyeleri menen yen’ ku’shlimen degen zamanago’y qa’lem iyelerinin’ barli’g’i’ da folklorli’q da’stu’rlerden shetlep wo’tpegen. Wolar wo’z ana folklori’ menen birge pu’tkil ja’ha’n xali’qlari’ni’n’ folklorli’q da’stu’rlerindegi yen’ jaqsi’ hasi’l marjanlar menen qurallani’p, wolardi’ bu’gingi ko’rkem a’debiy da’stu’rler, da’wir haqi’yqatli’g’i’ menen tutasti’ri’p woti’ri’p ulli’ do’retpeler jazg’an.

## JUWMAQ

I.Yusupovti’n’ ko’plegen poemalari’nda qi’yali’y syujetler menen qi’yali’y waqi’yalar sheberlik penen isletiledi. A’lbette, do’retiwshilik hesh bir ko’rkem shi’g’arma jazi’li’wi’ da toli’q mu’mkin yemesligi de shi’nli’q. Yeger, shayi’r yamasa jazi’wshi’ tek g’ana bolg’an waqi’yalar menen tariyxi’y faktlerdi bayanlaw menen g’ana sheklense, wonda wolar shi’n ma’nisindegi nag’i’z ko’rkem do’retpe de bola almaytug’i’nli’g’i’ tu’sinikli. Wo’ytkeni, folklor menen jazba a’debiyatta

haqi’yqi’y qi’yali’y syujetlerdin’ a’hmiyeti u’lken. Bul bag’dardag’i’ ko’rkem shi’g’armalar son’g’i’ a’sirlerdegi du’nya a’debiyatlari’nda fantastikali’q a’debiyatlar da’stu’ri menen de ti’g’i’z birigip ketedi.

Mine, usi’g’an usas bag’darda I.Yusupovti’n’ «Ma’n’gi bulaq» poemasi’ni’n’ qi’yali’y syujetlik–kompoziciyali’q quri’li’si’ ju’da’ qospali’ ha’m quramali’ boli’p yesaplanadi’. Wol wo’z ishine sha’rtli tu’rde aytqanday bizin’ erami’zdan buri’ng’i’ 300-ji’llardag’i’ ha’m bizin’ erami’zdi’n’ 3000-ji’llari’ndag’i’ waqi’yalardi’ wo’z ishine aladi’. Usi’ni’n’ wo’zi poemani’ syujetlik kompoziciyali’q quri’li’si’ndag’i’ wog’ada wo’zine ta’nligi menen qospali’li’g’i’n talap yetse kerek. Sebebi, bunday uzaq a’sirler waqi’yalari’n real yaki haqi’yqi’y bolg’an waqi’yalar syujetlerine si’yg’i’zi’p beriwi mu’mkin yemes. Al, bug’an shayi’rdi’n’ tvorchestvoli’q qi’yali’nan ti’sqari’ shi’n ma’nisindegi a’psana’wiy syujetler g’ana da’limal ayti’p, solar arqali’ g’ana belgili bir da’wir problemalari’n wortag’a taslap, qaharmanlar obrazi’n jetkilikli ashi’p beriwge boladi’ dep woylaymi’z.

Poemada a’skerbasi’ Ptolomeyge shayi’r tariyxi’y an’i’z Ayazxan patshani’n’ wozi shopan olg’an waqi’ttag’i’ kiyimlerin wo’z taxti’ni’n’ aldi’na qi’sti’ri’p qoyg’anli’g’i’ haqqi’ndag’i’ xali’q an’i’zi’n aytqi’zadi’. Demek, bul da bizin’ folklori’mi’zdag’i’ qi’yali’y do’retpe bolg’ani’ menen tariyxi’y haqi’yqatli’q penen, uli’wma adamgershilik, gumanistlik qa’siyetoeri bar na’rse boli’p, wol usi’ doretpenin’ de uli’wma syujetlik, kompoziciyali’q bag’dari’ menen poetikasi’na teren’ sin’dirilip jiberilgen.

Demek, shayi’r bular arqali’ xali’q awzi’ndag’i’ folklorli’q a’psanali’q syujetlerdi de poemali’q tvorchestvoli’q tu’rde isletip paydalanadi’. Ko’rip woti’rg’ani’mi’zday, bunda korkem so’z sheberi pu’tin a’psanani’n’ uli’wma mazmuni’n g’ana belgili bir qaharmanni’n’ tilinen berip folklorli’q da’tu’rlerdi yamasa sondag’i’ syujetti qaharmanlardi’n’ xarakterin, wolardi’n’ woy –pikirleri menen ishki du’nyalari’n ashi’w ushi’n paydalang’an. Sonli’qtan da, ali’ng’an tekstte–aq, Erastudi’n’ ali’mli’q, dani’shpanli’q, woqi’mi’sli’q qa’siyetleri ani’q ko’zge taslanadi’. Haqi’yqati’nda da, Erastu–Aristotel tariyxta real insan, ali’m

si’pati’nda tap usi’nday adam bolg’ani’ ani’q. Sonday qa’siyetlerdi shayi’r a’psanali’q yamasa folklorli’q syujetti, folklorli’q da’tu’rlerdi sheberlik penen uti’mli’, do’retiwshilik bag’i’tta paydalani’w arqali’ ashi’p woti’r. Al, bug’an qarama–qarsi’ patsha bolsa, jen’ilteklik penen ustaz ali’mg’a: «Bizge «abayli’ bol!» degenin’iz–g’oy»–dep woni’ basqasha jori’p, uri’squmarli’q yamasa a’skeriy jol menen g’ana tu’sinip juwap qaytaradi’.

A’lbette, bunday folklorli’q ko’rkem si’patlar yamasa wondag’i’ ayi’ri’m bo’leksheler menen basqa da si’patlar si’rttan qarag’anda birden ko’rinip turg’an bolsa da, al woni’ sol ko’rkem do’retpenin’ syujetlik–kompoziciyali’q quri’li’si’nda wori’nli’ isletiw, yag’ni’y qaysi’ yertek yamasa dastanli’q si’patti’, yaki qanday da bir a’psana menen joqari’dag’i’ si’yaqli’ terme–tolg’awlardi’ qaysi’ wori’nlarda beriw kerekligi yeki adamni’n’ qoli’nan kele beretug’i’n ju’da’ an’sat is yemes. Buni’n’ ushi’n, birinshiden, bul formali’q si’patlar menen ko’rkem da’tu’rler sol qa’lem iyesinin’ pu’tkil naturasi’na sin’gen boli’wi’, yag’ni’y, wolardi’ so’z sheberi teren’ iyelep, jaqsi’ men’gergen boli’wi’ kerek bolsa, yekinshiden, wolardi’ tvorchestvoli’q tu’rde paydalani’w ushi’e sheberlik, talant za’ru’r. Bularsi’z sol folklorli’q datu’rlerden paydalani’w wo’nimsiz yamasa stixiyali’, ta’sirsiz, yaki sxemali’ turde de qali’p qoyi’wi’ mu’mkin. Al, biz I.Yusupovti’n’ do’retpelerin folklorli’q dastu’rlerdi paydalani’wda bunday unamsi’z na’rselerdi ushi’ratpaymi’z. Shayi’r poeziyasi’nda folklorli’ do’retiwshilikti paydalani’wda sol uzaq a’sirlerdegi milliy ko’rkemlik da’stu’rlerimiz qayta jan’g’ari’p, qaytadan tuwi’lg’an yan’li’ sa’wlelenedi.

Uli’wma alg’anda, I.Yusupovti’n’ bul «Ma’n’gi bulaq» poemasi’nda xalqi’mi’zdi’n’ bay milliy folklori’ndag’i’ turmi’s shi’nli’g’i’n, insanlardi’n’ woy a’rmanlari’n qi’yali’y fantastikali’q jol menen ko’rkem tu’rde tu’siniw ha’m tu’sindiriw tiykarg’i’ negiz boli’p xi’zmet yetedi. Xali’qti’n’ ko’rkem woyi’ndag’i’ usi’nday folklorli’q pikirlew shayi’r ushi’n tek syujet, bir tutas syujetlik kompoziciya du’ziwdin’ usi’li’ g’ana boli’p qalmastan, al folklorli’q da’stu’rlerdegi bunnan basqa da bir neshe qa’siyetler sol basli’ syujetlik bag’dardi’ estetikali’q jaqtan bezewge de ali’p kelgen. Shayi’r folklorli’q da’stu’rlerdegi bir

neshe poetikali’q arsenallardi’ naq turmi’sli’q filosofiyali’q a’hmiyeti basi’m problemalar, a’dep–ikramli’q ma’seleler ha’m realistlik ko’rkem psixologiyali’q da’liyller menen bezep, bayi’ti’p isletken. Bul XX a’sir ko’rkem so’z sheberinin’ folklordi’ jan’g’i’rti’wdag’i’ u’lken tabi’si’.

I.Yusupov «Bu’lbil uyasi’» shi’g’armasi’ni’n’ uli’wma juwmag’i’nda ha’r qanday tiri maqluq wo’z uyasi’nan yaki jupti’si’nan ayri’lsa u’lken apatqa, tragediyag’a ushi’raydi’ yamasa nabi’t boladi’ degen pikirdi obrazli’ tu’rde keltirip shi’g’ari’p, woni’ pu’tkil insaniyatqa so’z qa’dirinin’ ulli’ ku’shi, woni’n’ teren’ligi menen jetkeredi. Haywanatlar ushi’n du’zdegi uya, jarati’li’s ta’biyati’, jasaw worni’ bolsa, al insan adam balasi’ ushi’n bul shan’araq tuwi’lg’an jer, putkil jer shari’ wolardi’n’ wo’z uyasi’ boli’p yesaplanadi’. Sol uya buzi’lsa wolardi’n’ yekewi de nabi’t boladi’. Bizin’she bul u’lken filosofiyali’q, a’debiy ko’rkemlik pikir boli’p yesaplanadi’. Bul pikirlerdin’ folklorli’q ha’m jazba a’debiy da’stu’rler menen poetikali’q tu’rde sheber sintezlenip beriliwin biz, to’mendegi tarawlari’mi’z arqali’ da’liyllep ko’rsetiwge umti’lami’z.

Juwmaqlap aytqanda usi’lardi’n’ barli’g’i’ ha’r qanday ulli’ talant iyeleri menen yen’ ku’shlimen degen zamanago’y qa’lem iyelerinin’ barli’g’i’ da folklorli’q da’stu’rlerden shetlep wo’tpegen. Wolar wo’z ana folklori’ menen birge pu’tkil ja’ha’n xali’qlari’ni’n’ folklorli’q da’stu’rlerindegi yen’ jaqsi’ hasi’l marjanlar menen qurallani’p, wolardi’ bu’gingi ko’rkem a’debiy da’stu’rler, da’wir haqi’yqatli’g’i’ menen tutasti’ri’p woti’ri’p ulli’ do’retpeler jazg’an.

## PAYDALANI’LG’AN A’DEBIYATLAR:


1. Karimov I. A. Joqari’ ma’nawiyat–jen’ilmes ku’sh. Tashkent, «Manaviyat», 2008.
2. Allambergenov K. Ma’n’gi bulaq (I.Yusupov-80) // «Qaraqalpaqstan jaslari’», 2009, 23-aprel.
3. Axmetov S. Qaraqalpaq sovet poeziyasi’. No’kis, 1988.
4. Axmetov S, Sultanov Q. A’debiyattani’w. No’kis, «Qaraqalpaqstan», 1987.

5. Axmetov S, Yesenov J, Ja’rimbetov Q. A’debiyattani’w atamalari’ni’n’ wori’ssha-qaraqalpaqsha tu’sindirme so’zligi. No’kis, «Bilim», 1994.
6. Bazarbaev J. Bu’lbil uyasi’-jan uya ti’msali’// «Yerkin Qaraqalpaqstan», 2008, 3-mart.
7. Bazarbaev J. Danali’g’i’ go’zzalli’qqa ulasqan shayi’r (A’debiy filosofiyali’q woylar). No’kis, «Bilim», 2008.
8. Bazarbaev J. Shayi’r poeziyasi’nda insan filosofiyasi’// «Yerkin Qaraqalpaqstan», 2008, 11-oktiyabr.
9. Boboev T. Adabiyotshunoslikka kirish. Toshkent, «O’qituvchi», 1979.
10. Yesemuratov G. I. Yusupovti’n’ poeziyasi’. No’kis, «Qaraqalpaqstan», 1976.
11. Yesenov J. Ma’n’gi bulaqti’ qayta woqi’p… «Ustaz joli’», 2000, 3-may.
12. Yesenov J. Poeziya juldi’zi’ (I.Yusupov do’retiwshiligi mi’sali’nda). No’kis, «Bilim», 2003.
13. Yesenov J. Shayi’rdi’ qayta ti’n’lag’anda// «Yerkin Qaraqalpaqstan», 2006, 21-noyabr.
14. Kamalov Q. Dala bu’rkiti. No’kis, «Qaraqalpaqstan», 1990.
15. Qabdolov Z. So’z wo’neri. Almati’, «Mektep», 1982.
16. Mamajonov S. Poeziyada lirik qahramon masalasi // «Sharq yulduzi», 1961, №9.
17. Ma’mbetniyazov T. Poeziya – turmi’s, gu’res ha’m talpi’ni’w. No’kis, 1993.
18. Ma’mbetniyazov T. Jan’a qaraqalpaq poeziyasi’ ha’m da’wir talabi’. No’kis, 1994.
19. Mambetniyazov T. Ashshi’ bolsa da haqi’yqatli’q su’wretlenedi// «A’miwda’rya», 1997, №11-12.
20. Ma’mbetov K. A’debiyat teoriyasi’. No’kis, «Bilim», 1995.
21. Nurjanov P, Sayi’mova G. I.Yusupovti’n’ «Ma’n’gi bulaq» poemasi’ni’n’ janrli’q wo’zgesheligi ha’m qaharman obrazi’//Wo’zRIAQQB «Xabarshi’si’», 2009, №4
22. Worazi’mbetov Q. G’a’rezsizlik da’wirindegi qaraqalpaq a’debiyati’ haqqi’nda woylar// «Yerkin Qaraqalpaqstan», 2008, 25-sentiyabr.

23. Worazi’mbetov Q. Poeziya sarayi’ni’n’ sa’rdari’// «Yerkin Qaraqalpaqstan», 2009, 21-aprel.
24. Rahimjonov N. Davr va o’zbek lirikasi. Toshkent, 1979.
25. Rahimjonov N. O’zbek sovet adabiyotida poema. Toshkent, 1986.
26. Rahimjonov N. Mustaqillik davri o’zbek sheriyati. Toshkent, «Fan», 2007.
27. Sayi’mova G. I.Yusupovti’n’ «Bu’lbil uyasi’» poemasi’nda xarakter ma’selesi//Wo’zRIAQQB «Xabarshi’si’», 2007, №3.
28. Sultanov I. Adabiyot nazariyasi. Toshkent, «O’qituvchi», 1980.
29. Sultanov Q. Zamanlas jani’m menen… No’kis, «Qaraqalpaqstan», 1972.
30. Sultanov Q. Jan’a da’wirdin’ poeziyasi’// «Qaraqalpaqstan jaslari’», 1996, 16-fevral.
31. Turdi’baev Q. I.Yusupovti’n’ «Bu’lbil uyasi’» poemasi’nda milliy epikali’q da’stu’rler ha’m qaharman obrazi’//Wo’zRIAQQB «Xabarshi’si’», 2009, №3.
32. Turdibaev Q. I.Yusupov poeziyasi’ni’n’ folklorli’q derekleri haqqi’nda// «A’miwda’rya», 2009, №5-6.
33. Umurov H. Adabiyot nazariyasi. T., 2002.
34. Sharafiddinov O. Zamon, qalb, poeziya. Toshkent, 1962.
35. Yusupov I. Tan’lawli’ shi’g’armalari’ni’n’ yeki tomli’g’i’. II tom. No’kis, «Qaraqalpaqstan», 1992.
36. Yusupov I. Bu’lbil uyasi’. No’kis, «Qaraqalpaqstan», 1999.